O’zbekistan Respublikasi’ xali’q  bilimlendiriw ministrligi

A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q institutı’

Tariyx fakul`teti

Ori’nbaev Alpami’s Qayipbaevich

# «Huqi’qtani’w pa’nlerin oqi’ti’wda innovacion metodlardan paydalani’w»

## PITKERIW  QA`NIGELIK  JUMI’SI’

**Ilimiy basshi’:** **p.i.k., docent T.Qudaybergenova**

No`kis – 2017

Pitkeriwshi talaba Ori'nbaev Alpami's Qayipbaevichti'n'` «Huqi'qtani'w pa'nlerin oqi'ti'wda innovacion metodlardan paydalani'w» temasi'ndag`i' pitkeriw qa`nigelik jumi'si' «Milliy ideya, ruwxi'yli'q tiykarlari' ha`m huqi'q ta`limi» kafedrasi'ni'n` 2017-ji'l «___» ____________ ku`ngi __ - sanli' protokoli' tiykari'nda ma`mleketlik attestaciya komissiyasi'na jaqlawg`a jiberiwge usi'ni's ye tildi.

«Milliy ideya, ruwxi'yli'q tiykarlari' ha`m
huqi'q ta`limi» kafedrasi' basli'g`i': A.Embergenov

Pitkeriwshi talaba Ori'nbaev Alpami's Qayipbaevichti'n'` «Huqi'qtani'w pa'nlerin oqi'ti'wda innovacion metodlardan paydalani'w» temasi'ndag`i' pitkeriw qa`nigelik jumi'si' 2017-ji'l «___» ____________ ku`ngi institut rektori'ni'n` __ - sanli' buyrug`i' menen ma`mleketlik attestaciya komissiyasi'na jaqlawg`a jiberildi.

Ma`mleketlik attestaciya komissiyasi' qarari' menen Ori'nbaev Alpami's Qayipbaevichti'n' pitkeriw qa`nigelik jumi'si'na _____ ball qoyi'ldi'.

# Huqi’qtani’w pa’nlerin oqi’ti’wda innovacion metodlardan paydalani’w

**Mazmuni’**

**I-KIRISIW**…………………………………………………………

**1- BAP. INNOVACION TA’LIM TEXNOLOGIYALARI HA’M ONI’N’ TURLERI**

1.1. “Innovacion ta’lim texnologiyalari” tusiniginin’ mazmuni

1.2. Innovacion ta’lim texnologiyalari turleri

**2-BAP. HUQI’QTANI’W SABAQLARI’NDA INNOVACION METODLARDAN PAYDALANI’W**

2.1. Huqi’q pa’nlerin oqi’ti’wda keyslerden paydalaniw

2.2.Huqi’qtaniw pa’nlerin qadag’alaw ha’m bahalawda innovacion usi’llardan paydalaniw

2.3. Innovacion ta’lim texnologiyalarin ta’lim processinde qollani’wdag’i’ mashqalalar

Juwmaqlaw.........................................................................................

Paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi..................................................

# Kirisiw

**Temaning aktualli’g’i’**: "Ta’lim haqqinda"g’i Nizam ha’m “Kadrlar tayarlaw milliy da’stu’ri” ma’mleketimizde ta’jiriybeli kadrlar tayarlawdin’ jan’a, bu’gingi ku’n talaplarina toliq juwap beretug’in na’tiyjeli milliy modelin jaratiwda a’hmiyetli faktor boldi. Bul siyasattan go’zlengen tiykarg’i maqset ta’lim tarawin tu’pten reformalaw, ta’limdi Oqiw-ilimiy islep shiga’riw orni sipatinda kompleks rawajlandiriwdan ibarat.

Ma’mleketimizde jas a’wlad kadrlarin tayarlaw isi ja’miyettin’ bu’gingi, keleshektegi talap ha’m za’ru’rligin aniq yesapqa alg’an halda huqiqiy demokratiyaliq ma’mleket quriw jolindag’i ken’ ko’lemli reformalar ha’m modernizaciya processlerine say ta’rizde alip barilmaqta. O’zbekistan Respublikasi 1-Prezidenti I.Karimov basshilig’anda ba’rkamal a’wladti ta’rbiyalawg’a, jaslardin’ du’nyaqarasin milliy ha’m uliwmainsaniyliq qa’driyatlar tiykarinda qa’liplestiriwge ma’mleket siyasati da’rejesinde ayriqsha itibar qaratildi. Ma’selenin’ a’hmiyetli ta’repi sonda, zaman talaplarina say joqari da’rejeli kadrlardi tayarlaw ushin zamang’a say alding’i texnologiyalardi qollaw arqali ta’lim ha’m ta’rbiya na’tiyjeliligine yerise alatug’in joqari pedagogik sheberlikke iye professor-oqitiwshilar talap yetilmekte. Zaman tezlik penen rawajlanar yeken, joqari bilimlendiriw sistemasinda tinimsiz ra’wishte alding’i innovacion texnologiyalardin’ jan’a-jan’a ko’rinislerin qollap bariwdi talap yetpekte.

Bul maqsetti a’melge asiriw ushin ta’limnin’ jan’a-jan’a modelleri jaratilmaqta, onin’ tiykarlari jetekshi qa’niyge alimlar ta’repinen ilimiy-a’meliy ta’rizde da’liyllep berilmekte. Bu’gin o’mirimizdin’ sheshiwshi a’hmiyetli ma’selelerimiz qatarinda ta’lim-ta’rbiya mazmunin tu’pten o’zgertiriw, oni zaman talabi da’rejesine ko’teriw ma’selesi 1-orindi iyeleydi. Sebebi ja’miyettin’ jan’alaniwi, o’mirimiz abadanlasiwi ha’m rawajlaniwi, a’melge asirilip atirg’an reformalar na’tiyjesi ta’g’diri, Respublika g’a’rezsizligi ha’m yekanomikasina ta’n sociyal-yekanomikaliq siyasatti qa’liplestiriw – bulardin’ barlig’i- zaman talaplarina juwap

beretug'in joqari da'rejeli qa'niyge kadrlar tayarlaw mashqalasi menen tikkeley baylanisli.

**Pitkeriw jumi'si'ni'n' maqset ha'm waziypalari':** O'zbekistan Respublikasinin' "Talim haqqinda"gi Nizami ha'm «Kadrlar tayarlaw milliy da'sturi" talaplarin a'melge asiriw milliy ideyani jaslar sanasina sin'diriw, olardi huqiqiy ma'deniyatli yetip ta'rbiyalaw processi pedagogik xizmet penen baylanisli mashqalalardi ku'n ta'rtibine qoymaqta.

Bular tomendegiler:

- ta'lim processinde oqitiwshilardi reformalardin' mazmunin an'lag'an halda kreativligin asiriw, ta'limge jan'asha jandasiw, o'z betinshe pikirlew ha'm belsendiligin asiriw;
- huqiq pa'nlerin oqitiwda na'tiyje beretug'in jetekshi pedagogik texnologiyalardi o'zlestirip aliwlarina ja'rdem beriw;
- huqiq pa'nlerin oqitiwda innovacion ha'm zamanago'y pedagogik texnologiyalardi qollaw boyinsha ta'jiriybe almasiw processlerin rawajlandiriw.

**Pitkeriw jumi'si'ni'n' ilimiy jan'ali'g'I':** Jumi'si'mi'zda huqiqtani'w pa'nlerin oqitiwda innovacion ta'lim texnologiyalarinin' tiykarg'i bag'darlarina tayang'an halda ta'limdi sho'lkemlestiriw na'tiyjeliligin asiriwda paydalaniw mumkin bo'lg'an innovacion texnologiyalar haqqinda mag'liwmatlar, u'lgiler beriwge ha'raket qilindi. Sonday aq, huqiqtani'w pa'nlerin oqitiwda innovacion texnologiyalardan paydalaniw na'tiyjeliligin asiriwg'a qaratilg'an ilimiy-metodik usinislar islep shig'ildi.

**Pitkeriw jumi'si'ni'n' teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyeti**. Pitkeriw jumi'si'nan professor-oqitiwshilar, metodist oqitiwshilar, talabalar, magistrler, orta arnawli ha'm uliwma bilimlendiriw mekemeleri oqitiwshilari metodik ha'm sabaq islenbelerin jaratiwda, araliq baqlawlardi a'melge asiriwda paydalaniwlari mu'mkin.

**Pitkeriw jumi'si'ni'n' duzilisi.** Pitkeriw jumi'si' Kirisiw, yeki bap, bes paragraf, juwmaqlaw ha'm paydalanilg'an a'debiyatlar diziminen ibarat.

# 1- BAP. INNOVACION TA'LIM TEXNOLOGIYALARI HA'M ONI'N' TURLERI

## 1.1. "Innovacion ta'lim texnologiyalari" tusiniginin' mazmuni

O'zbekistan Respublikasi 1-Prezidenti I.Karimov «Ja'miyetti ulli ha'm baxitli keleshekke baslap bariwshi jalg'iz ku'sh - ruwxiyliqdur» - degen edi. Aqil-oyli, joqari ma'na'wiyatli adamlar sebepli ja'miyet jan'alanip, ku'sheyip, rawajlanip baradi. Jaslar sanasinda ideyaliq bosliq payda boliwg'a jol qoymasliq, olardi nizamlarg'a hu'rmet ha'm milliy ideyag'a sadiqliq ruwhinda ta'rbiyalaw, Watanimiz rawajlaniwina xizmet qilatug'in ba'rka'mal a'wladti kamalg'a keltiriw bugungi ku'nnin' yen' a'hmiyetli waziypasi.

"Ta'lim haqqinda"gi Nizam ha'm "Kadrlar tayarlaw milliy da'sturi" ma'mleketimizde ta'jiriybeli kadrlar tayarlawdin' jan'a, bu'gu'ngi ku'n talaplarina toliq juwap beretug'in na'tiyjeli milliy modelin jaratiwda a'hmiyetli faktor boldi. Bul sistemadan go'zlengen tiykarg'i maqset ta'lim tarawin tu'pten reformalaw, ta'limdi Oqiw-ilimiy islep shiga'riw orni sipatinda kompleks rawajlandiriwdan ibarat.

Socialliq pa'nlerdi oqitiwda innovaciya, innovacion ta'lim, innovacion xizmet, innovacion processler XX-a'sirdenaq AQSH, Angliya, Germaniya, SHexiya, Fransiya siyaqli ma'mleketlerde ken' ko'lemde u'yrenilgen ha'm ta'lim sistemasina ja'riya yetilgen. G'MDA ma'mleketleri arasinda bul mashqala u'stinde ko'birek Rossiya, Belorussiya, Ukraina ha'm Boltiqboyi Respublikalari pedagog alimlari na'tiyjeli jumis alip barmaqta. Misal ushin, K.Angelovskiy, V.V.Guzeev, M.V.Klarin, V.A.Slastenin, V.I.Slobadshikov, L.M.Fridman siyaqli alimlardin' ilimiy izertlew jumislarinda bul mashqalag'a ko'birek a'hmiyet berilgen. O'zbekistanli alimlardan A.Abduqodirov, N.Saydaxmedov, J.Tolipova, M.Oshilov, J.Yo'ldoshev, O'.Tolipov, M.Usmonboeva, Samarov, U.Nishonaliev siyaqli alimlar ta'lim sistemasindag'i innovaciyalar, yag'niy pedagogik texnologiyalar ha'm olardi oqiw processine kiritiw ma'selelerine ilimiy usinislar bergen.

Huqi'qtani'w sabaqlari'nda oqitiw sipati ha'm na'tiyjeliligin asiriw, ta'lim

processinde innovacion texnologiyalardan paydalaniw arqali talabalarda o’z betinshe islewge uyretiw wo’zine ta’n a’hmiyetke iye.

Huqi’qtani’w pa’nlerin oqitiw processine zamanago’y jandasiw arqali innovacion texnologiyalardi ja’riya yetiw u’lken a’hmiyet ka’sip yetedi.

Ha’zirgi waqitta ta’lim processinde oqitwdin’ zamanago’y metodlari ken’ qollanilmaqta. Oqitiwdin’ zamanago’y metodlarin qollaw oqitiw processinde joqari na’tiyjelilikke yerisiwge alip keledi. Ta’lim metodlarin tan’lawda ha’r bir sabaqtin’ didaktik waziypasinan kelip shig’ip tan’law maqsetke muwapiq sanaladi.

Das’tu’riy sabaq ko’rinisin saqlap qalg’an halda, oni jan’a texnologiyalar menen bayitiw ta’lim aliwshilardin’ aktivliginin’, o’zlestiriw da’rejesinin’ ko’teriliwine alip keledi. Onin’ ushin sabaq processi duris sho’lkemlestiriliwi, ta’lim beriwshi ta’repinen ta’lim aliwshilardin’ qizig’iwin arttirip, olardin’ ta’lim processinde belsendiligi turaqli xoshametlenip turiliwi, oqiw materiallarin kishi-kishi bo’leklerge bolip, olardin’ mazmunin ashiwda «Aqliy hu’jim», «Kishi toparlarda islew», «Debat», «Mashqalali jag’day», «Bag’darlawshi tekst», «Muz jarg’ish» «Rolli woyinlar» siyaqli metodlardi qollaw ha’m ta’lim aliwshilardi a’meliy shinig’iwlardi o’z betinshe orinlawg’a bag’darlaw talap yetiledi. Bul bolsa ha’r bir pedagogtan sabaqlarg’a innovacion jantasiwdi talap yetedi.

Innovacion ta’limnin’ tiykarin innovacion ta’lim metodlari tiykarinda shinig’iwdi alip bariw quraydi. Ta’limnin’ innovacion metodlari talabalardin’ ta’limnin’ ulli’ qu’diretinen paydalaniw ha’m aktivlestiriw, oqiw processine jaris, isbilermenlik elementlerin kiritiw imkanin beredi.

**“Innovaciya”** tusiniginin’ awdarmasi ingliz tilinen aling’anda (“innovation”) “jan’aliq kiritiw” degen ma’nisti an’latadi. Mazmuni ta’repinen alip qarag’anda tu’sinik negizinde “innovaciya” tu’sinigi belgili sistemanin **ishki du’zilisin o’zgertiriwge qaratilg’an iskerlikti** an’latadi’.

**Innovacion iskerlik** – ilimiy izleniwler, islenbeler jaratiw, ta’jiriybe-sinaw islerin alip bariw yaki pa’n-texnika jetiskenliklerinen paydalang’an halda jan’a texnologik process yaki jan’a jetilistirilgen o’nim jaratiwdan ibarat.

Innovaciyalardin’ tiykarg’i **ko’rinisleri to’mendegiler** sanaladi:

- jana ideyalar;
- sistema yaki iskerlik bag'darlarin o'zgertiriwge qaratilg'an aniq maqsetler;
- da'stu'riy yemes jantasiwlar;
- da'stu'riy bolmag'an baslamalar;
- aldin'g'i is usillari.

Barliq tarawlarda bolg'ani siyaqli ta'limde de "novaciya", "innovaciya" ha'mde olardin' ma'nisin ashib beriwshi xizmet haqqinda so'z ju'rgiziledi.

Yeger iskerlik qisqa mu'ddetli, bir systema qa'siyetlerine iye bolip, tek g'ana sistemadag'i ayirim elementlerdi o'zgertiriwge xizmet qilsa wol **novaciya (jan'alaniw)** dep ju'rgiziledi. Yeger ol iskerlik belgili bolg'an konseptual jandasiw tiykarinda a'melge asirilip, onin' na'tiyjesi belgili sistemanin' rawajlaniwina yaki oni tupten o'zgertiriwge xizmet qilsa, ol jag'dayda **innovaciya (jan'aliq kiritiw)** dep ataladi.

| **Tiykarg'I pariqlar** | |
|---|---|
| **Novaciya** | **Innovaciya** |
| 1) a'meldegi teoriya shen'berinde qollaniladi;<br>2) ko'lem ha'm waqit boyinsha shegaralanadi;<br>3) metodlar jan'aladi;<br>4) na'tiyje aldin'g'i sistemani jetilistiredi | 1) sistemali, toliq ha'm dawamli boladi;<br>2) belgili a'meliyatta jan'a iskerlik sistemasin joybarlaydi;<br>3) sub'ektlerdin' iskerligi toliq janalanadi;<br>4) jan'a texnologiyalar jaratiladi;<br>5) iskerlikte jan'a sipat na'tiyjelerine yerisiledi;<br>6) a'meliyattin' o'zi de jan'alanadi |

**Innovacion ta'lim metodlari** degende ta'lim aliwshilardi aktivlestiriwshi ha'm o'z betinshe pikirlewge u'ndewshi, ta'lim processinin' orayinda ta'lim aliwshi bolg'an metodlar tusiniledi. Bul metodlar qollanilg'anda ta'lim beriwshi ta'lim aliwshini belsendi qatnasiwg'a shaqiradi. Ta'lim aliwshi barliq process dawaminda

qatnasadi.

Bugungi ku'nde rawajlang'an shet yel ma'mleketlerinde ta'lim sipatin, na'tiyjeliligin asiriw barisinda salmaqli isler a'melga asirilmaqta. Pedagogik texnologiyalardan paydalanip atirg'an ko'plegen rawajlang'an ma'mleketler ta'lim processin sipat ta'repten jan'a basqishqa ko'teriwge yerisip atirg'anlig'i o'mirde o'z tastiyiqlawin tappaqta.

Texnologiyalardan paydalanip atirg'an ta'lim beriwshiler talabalarg'a bilim beriwde a'lbette joqari na'tiyjelerge yerisedi. A'sirese, bul talabalardin' o'z betinshe pikirlew, kasiplik sheberligi, do'retiwshilik qa'biliyetlerin rawajlanditiriwda a'hmiyetli oring'a iye.

Innovacion texnologiyalar ta'lim na'tiyjeliligin asiriwg'a aqilana ha'm do'retiwshilik ta'repinen jandasiwg'a, bunda ta'lim beriwshi o'z yerkinligine iye boliwi, sabaqta qollanilg'an tu'rli usillar na'tiyjeliligin o'zi bahalawi ushin imkaniyat jaratadi.

O'zbekistanda innovacion ta'lim texnologiyalarin qollawda oqitiwshilar ta'repinen bay ta'jiriybe arttirilg'ani ko'zge taslanadi ha'm olar oqitiwda o'zinin' na'tiyjesin ko'rsetpekte.

Sonday aq, barliq Joqari ha'm orta arnawli ta'lim orinlarinda da innovacion ta'lim texnologiyalari na'tiyjeli qollanilmaqda deyiwimiz de orinsiz. Leykin, bay ta'jiriybege iye bolg'an professor-oqitiwshilar ta'lim processinde innovacion texnologiyalardin' ayirim elementlerinen teoriyali ha'm sistemali ta'rizde an'lamag'an bolsalarda na'tiyjeli paydalanip kelmekte.

Biz to'mende bilimlendiriw orinlarinda sabaq processinde qollanilg'anda ku'tilgen na'tiyjeni beriwshi bir qansha metodlardi itibarin'izg'a usinamiz.

## 1.2. Innovacion ta'lim texnologiyalari turleri

Ha`zirgi ku`nde ta`lim protsessinde interaktiv metodlar, innovatsion texnologiyalar, pedagogikaliq ha`m axborot texnologiyalarin oqiw protsessinde qollawg`a bolg`an qizig`iw, itibar ku`nnen ku`nge ku`sheyip barmaqta, bunday boliwdin` sebeplerinin` biri, usi waqitqa shekem da`stu`rli ta`limde oqitiwshi oqiwshi'lardi' tek tayar bilimlerdi iyelewge u`yretgen bolsa, zamanogo`y texnologiyalar olardi iyelep atirg`an bilimlerin o`zleri qidirip tabiwlarina, mustaqil u`yrenip, analiz qiliwlarina, ha`tte na`tiyjelerdi de o`zleri keltirip shig`ariwlarina u`yretedi. Oqitiwshi bul processte shaxstin` rawajlaniwi, qa`liplesiwi, bilim aliwi ha`m ta`rbiyalaniwina sharayat jaratadi ha`m sonin` menen bir qatarda basqariwshiliq, bag`darlawshiliq funktsiyasin orinlaydi. Ta`lim protsessinde oqiwshi tiykarg`i figurag`a aylanadi.

Innovatsion texnologiya pedagogikaliq proctsess ha`mde oqitiwshi ha`m oqiwshi' iskerligine jan`aliq, o`zgerisler kiritiw bolip, oni a`melge asiriwda tiykarinan interaktiv metodlardan toliq paydalaniladi. Interaktiv metodlar – bul ja`ma`a` bolip pikirlew dep ju`ritiledi, yag`niy pedagogikaliq ta`sir etiw usillari bolip ta`lim mazmuninin` quramli bo`limi esaplanadi. Bul metodlardin` o`zine ta`nligi sonda, olar pedagog ha`m oqiwshi'lardin` birgelikte iskerlik ko`rsetkishi arqali a`melge asiriladi.

Bunday pedagogikaliq birgelik processi o`zine ta`n qa`siyetlerine iye bolip, olarg`a to`mendegiler kiredi:

- oqiwshilardin` sabaq dawaminda biypa`rwa bolmawina, o`z betinshe pikirlew, izleniwge ma`jbu`r etedi.

- oqiwshi'lardin` oqiw protsessinde bilimge bolg`an qizig`iwlarin ha`mme waqit boliwin ta`miyinlew.

- oqiwshi'nin` bilimge bolg`an qizig`iw mustaqil ra`wishte ha`r bir ma`selege jandasqan halda ku`sheytiriw.

- pedagog ha`m oqiwshi'nin` ha`mme waqt birgeliktegi iskerligin sho`lkemlestiriw.

Biz to`mende oqitiw protsessinde qollaw mu`mkin bolg`an bazi bir treningler (texnologiyalar) g`a sipatlama berip, bazilarin o`tkiziw ta`rtibi haqqindag`i metodikaliq sipatlama berip o`temiz.

- **«Sinkveyn» metodı**

Sinkveyn h’aqqında qısqasha mag’lıwmat:

- Sinkveyn bes qatarlı taqmaq degendi an’latadı. Lektsiya boyınsha alıng’an bilimdi qısqasha rezyume beriw tu’rinde beriw uqıplılıg’ın o’qiwshi’te payda etiwge ja’rdem beredi. O’qiwshi’ten bay tu’siniklerge tiykarlang’an h’alda refleksiya ju’rgizildi talap etedi. Sinkveyn materialdı, mag’lıwmattı qısqa pikirlerde sintezlewdi talap etetug’ın taqmaq.

- Sinkveyndi jazıwg’a qoyılatug’ın qa’deler:
- Birinshi qatarda tema bir atlıq so’z ja’rdeminde beriledi.
- Ekinshi qatarda temanı eki kelbetlik so’zdin’ ja’rdeminde su’wretlew.
- U’shinshi qatarda berilgen tema ko’leminde h’a’reketti u’sh so’z ja’rdeminde su’wretlew.
- To’rtinshi qatarda temag’a qatnastı ko’rsetetug’ın to’rt so’zden quralg’an ga’pti keltiriw kerek.
- Besinshi qatarda temanın’ mazmunın ashatug’ın bir so’zden quralg’an birinshi atlıq so’zdin’ sinonimin keltiriw kerek.

**«Sinkveyn» metodı**

- Qalay islew kerek
- Atama (a’dette atlıq so’z) ______________
- Su’retlew (a’dette kelbetlik eki so’z) ____ _______
- Ha’reket (a’dette feyil u’sh so’z) _____ ______ ______
- Seziw (fraza) _____ ______ ______ _________
- Tiykardı qaytalaw __________

- Sinkveyndi du’ziw o’qiwshi’ler ta’repinen, birinshiden, quramalı mag’lıwmattı sintezlew instrumenti, ekinshiden, olardın’ tu’sinikler apparatın bah’alaw usılı,

u'shinshiden, do'retiwshiligin ko'rkemlik jaqtan sa'wlelendiriw usılı retinde paydalı.

**«Klaster» metodı**

- «Klaster» metodı h'aqqında mag'lıwmat:
- Berilgen tema boyınsha o'qiwshi'larg'a erkin h'a'm ashıq tu'rde pikirlewge ja'rdem beriwshi pedagogikalıq strategiya. Ol oylaw iskerligin stimullastırıw ushın qollanıladı. Belgili tema boyınsha tu'sinikke iye bolıw ushın, o'qiwshi'lerdin' o'zlerinin' jeke bilimlerine qatnasın ko'rsetiwshi strategiya.
- Klasterdi du'ziwge qoyılatug'ın talaplar :
- -berilgen temanın' mazmunına baylanıslı tu'sinik h'aqqında oyımızg'a kelgen barlıq mag'lıwmattı jazamız (olardın' sapasın esapqa almag'an h'alda).
- -mag'lıwmatlar arasında ilajı barınsha ko'p baylanıstı ko'rsetiwge h'a'reket etiw kerek.

**«İnsert» strategiyası**

- «İnsert» strategiyasın qollanıw sabaq barısında berilip atırg'an materialdı o'qiwshi'lardin' o'zlestirgenligin interaktiv belgiler sistemasın paydalanıw ja'rdeminde anıqlaw ushın qollanıladı. Bul strategiyanı qollanıw o'qiwshi'larda tekst penen jumıs islewdin' effektivliligin, oylanıp oqıwdı, go'ne material menen jan'anın' baylanısın ko'rsetiw uqıplılıg'ın arttıradı.
- İnsert strategiyasının' belgiler sisteması to'mendegishe ko'riniske iye bolıwı sha'rt: «V» -belgisi o'qiwshi'lar burın bilgen mazmung'a qoyıladı.
- «-» -(minus) belgisi o'qiwshi'lardin' alg'an mag'lıwmatı, alg'an bilimlerine qarsı mazmung'a qoyıladı.
- «+»-(plyus) belgisi o'qiwshi'lar ushın jan'a bolg'an mazmung'a qoyıladı
- «W»- (soraw) belgi o'qiwshi'lar ushın tu'siniksiz, qosımsha mag'lıwmattı talap etetug'ın mazmung'a qoyıladı.

**«İnsert» strategiyası**

- İnser strategiyasın qollang'anda birinshi adım retinde ko'rsetilgen tema boyınsha «Miyge h'u'jim» ju'rgiziledi, ekinshi adım retinde berilgen mazmundı belgilerdi qollanıw ja'rdeminde individual oqıw talap etiledi, u'shinshi adım retinde «miyge h'u'jim» tiykarında alıng'an na'tiyjeni oqıw tiykarında alıng'an mazmun

menen baylanısta analizlew alıp qaraladı, to’rtinshi adım retinde alıng’an mag’lıwmattı «İnsert» tablitsası tu’rinde sistemalastırıw kerek.

- Tablitsa «İnsert»

| V | + | - | ? |
|---|---|---|---|
| | | | |

**«Eki bo’limli ku’ndelik» usılı**

- «Eki bo’limli ku’ndelik» usılın qollanıw sabaq son’ında on bes minut dawamında o’qiwshi’lardan o’tilgen material boyınsha o’zlerinin’ pikirlerin jazıw talap etiledi. «Eki bo’limli ku’ndelik» usılı o’qiwshi’larda informatsiyalıq, operatsiyalıq qa’siyetlerdi rawajlandıradı.
- Bul usıldı qollanıw boyınsha metodikalıq ko’rsetpeler:
- Birinshi adım- da’pter beti ekige bo’linedi.
- Ekinshi adım- o’qiwshi’ lektsiyada o’zine anag’urlım da’rejede ta’sir etken (unag’an yaki belgili bir da’rejede soraw tuwdırg’an) pikirlerdi, oqıtıwshının’ ideyaların da’pterdin’ shep ta’repine jazadı.
- U’shinshi adım- da’pterdin’ on’ ta’repine o’qiwshi’ berilgen pikirlerge o’zinin’ tu’sindirmelerin jazadı.
- To’rtinshi adım- tekstti oqıp ko’rip, o’qiwshi’lar da’pterge o’zlerinin’ ko’z-qarasların jazadı.
- Besinshi adım- jumıstın’ son’ında o’qiwshi’lardin’ h’a’r biri o’zlerinin’ pikirleri menen basqa o’qiwshi’lardi tanıstırıwg’a h’aqılı, olardag’ı o’zlerine unag’an ideyalardı atap ko’rsetiwine boladı

**«Shıg’ıs kartası» usılı**

- O’qiwshi’lar jazba tu’rinde, lektsiyanın’ son’ında o’tilgen materiallar boyınsha «shıg’ıs kartasın» islep shıg’ıwı tiyis. Bir bet qag’azg’a o’qiwshi’lar to’mendegi u’sh punkt boyınsha o’zlerinin’ pikirlerin jazıwı tiyis.

- Lektsiyanın’ en’ a’h’miyetli bo’legin bo’lip ko’rsetiwi tiyis.
- Lektsiyanın’ teması boyınsha bir sorawdı tu’sindiriwi tiyis.
- Lektsiya materialları boyınsha ulıwma tu’sindirme beriwi tiyis

**«Kategoriyalıq jaqtan sholıw» usılı**

Bul usıl o’qiwshi’larda informatsiyalıq, operatsiyalıq uqıplılıqtı rawajlandıradı.

**BILIMLENDIRIW PROTSESSINE INNOVATSION TA’LIM TEXNOLOGIYALARIN JA’RIYA YETIW SISTEMASI**

| OQIW SHINIG’IWLARI TEXNOLOGIYASI | INTERAKTIV METODLAR | GRAFIK ORGANAYZERLAR |
|---|---|---|
| 1. Lekciya shinig’iwlari ta’lim texnologiyasi.<br>2. Seminar shinig’iwlari ta’lim texnologiyasi.<br>3. A’meliy shinig’iwlar ta’lim texnologiyasi.<br>4. O’z betinshe ta’lim texnologiyasi.<br>5. Keys-stadi ta’lim texnologiyasi.<br>6. Joybarlastiriw ta’lim texnologiyasi | 1. Aqliy hu’jim.<br>2. Yerkin jaziw.<br>3. Tiykarlang’an esse.<br>4. FSMU.<br>5. Blic-soraw.<br>6. Blic- oyin.<br>7. Oqitiw boyinsha qollanba.<br>8. Jazba ha’m awizyeki do’gerek sa’wbeti.<br>9. Tu’siniklerdi aniqlaw.<br>10. Tu’sinikler tiykarinda tekst quraw.<br>11. Aralastirilg’an logikaliq shinjirlar izbe-izligi | 1. Klaster.<br>2. B-B-B sizilmasi<br>3. T-sizilma.<br>4. Venn diagrammasi.<br>5. Konseptual keste.<br>6. Insert kestesi.<br>7. “Ne ushin” sizilmasi.<br>8. “Qanday?” diagrammasi.<br>9. Baliq skeleti.<br>10. Taypalaw kestesi.<br>11. Nilufar gu’li |

**Sin pikirlewdi rawajlandiriw strategiyalari**

| **Shaqiriw basqishinda qollanilatug'in strategiyalar** | **An'law basqishinda qollanilatug'in strategiyalar** | **Pikirlew basqishinda qollanilatug'in strategiyalar** |
|---|---|---|
| Yerkin jaziw<br>Klaster<br>Aqliy hu'jim<br>B-B-B sizilmasi<br>Aralastirilg'an logikaliq shinjirlar izbe-izligi<br>Semantik qa'siyetler analizi | Semantik qa'siyetler analizi<br>B-B-B sizilmasi<br>Oqitiw boyinsha qollanba<br>Bir-birine u'yretiw<br>Bir-birinen soraw<br>Yeki bo'lekli ku'ndelikler | Yen' tiykarg'i tu'sinikler, ta'kirarlaw<br>T-sizilma<br>Konseptual keste<br>Venn diagrammasi<br>Nilufar gu'li<br>Bes minutliq esse<br>On minutliq esse |

Ha'zirgi ku'nde yen' ken' tarqalg'an interaktiv TT to'mendegiler sanaladi:
**Interaktiv metodlar:** "Keys-stadi" (yaki "Oqiw keyslari"), "Blic-soraw", "Modellestiriw", "Do'retiwshi is", "Mu'nasiybet", "Reje", "Sa'wbet" ha'm. t.b.

**2. Strategiyalar:** "Aqliy hu'jim", "Bumerang", "Galereya", "Zig-zag", "Teksheme-tekshe", "Muz jarg'iz", "Rotaciya", "T-keste", "Domalaqlang'an qar" h.t.b.

**3. Grafik organayzerler:** "Baliq skeleti", "BBB", "Konseptual keste","Venn diagrammasi","Insert", "Klaster", "Ne ushin?", "Qanday?" h.t.b.

**"Baliq skeleti" grafik organayzeri (GO)**

GO talabalarda tema boyinsha belgili bir ma'sele ma'nisin sipatlaw ha'm sheshiw qa'biliyetin qa'liplestiredi. Oni qollang'anda talabalarda logikaliq pikirlew, tema ma'nisin jaritiwshi tayanish tu'sinik, mag'liwmatlardi belgili bir sistemag'a keltiriw, olardi analiz qiliw ko'nlikpeleri rawajlanadi.

Onnan paydalaniw to'mendegishe a'melge asiriladi:

1) oqitiwshi oqiwshi (talaba)lardi GO qollaw sha’rti menen tanistiradi;
2) oqiwshi (talaba)lar kishi toparlarg’a biriktiriledi;
3) toparlar tapsirmalardi orinlaydi;
4) toparlar o’z juwmaqlarin komandalarg’a usinadi;
5) komanda toparlardin’ juwmaqlari boyinsha dodalaw sho’lkemlestiredi

Talabalar tapsirmalardi to’mendegi ko’rinis tiykarinda orinlaydi:




**“Nilufar gu’li” texnologiyasi**

Texnologiya didaktik mashqalalardi sheshiwdin’ na’tiyjeli usillarinin’ biri bolip, nilufar gu’li ko’rinisine iye. Tiykar, wog’an birikken tog’iz “japiraq” (kvadrat, to’rtmu’yesh yaki shen’berler)lerdi o’z ishine alatug’in bul metod ja’rdeminde tiykarg’i mashqala ha’m onin’ mazmunin jaritiwg’a imkan beretug’in jeke ma’selelar sheshiledi.

Talabalarda sheshilip atirg’an ma’sele boyinsha sin, izshil pikirlew, ishki ma’nisin analiz qiliw ko’nlikpelerin qa’liplestiriwshi texnologiyani qollaw to’mendegi ta’rtipte a’melge asiriladi:

Sheshiliwi kerek bolg’an ma’sele aniqlastiriladi

Talabalar tapsirma mazmuni ha’m  oni sheshiw sha’rtleri menen tanistiriladi

Talabalar kishi topar (yaki jupliq)larg’a biriktiriledi

Topar yaki jupliq ag’zalari  orayliq to’rtmuyesh (kvadrat, shen’ber)de tiykarg’i mashqala (ideya, waziypa)ni belgileydi

Topar (jupliq)lar ma’selenin’ sheshimi boyinsha piker ju’rgizip,  orayliq to’rtmuysh (kvadrat, shen’ber) a’tirapinda segiz usinda qo’simsha sizilmalardi payda yetedi ( olarda ma’selenin’ jeke sheshimleri bayan yetiledi)

Qo’simsha sizilmalardag’i ideyalar gu’din’  «japiraqlari»na, yag’niy usinday ayriqsha komplekske alip shig’adi (wolardin’ ha’r biri bir mashqala ko’rinisin aladi)

Ja’rdemshi sizilmalardag’i tiykarg’i mashqala (ideya, waziypa) a’tirapindag’i  «japiraqlar»da jeke ma’sele ha’m sheshimler sa’wlelendiriledi

U’yrenilip atirg’an ma’selenin’ ma’nisinen kelip shig’ip, bul protses bir neshe ret ta’kirarlaniwi mu’mkin

Ha’r bir topar yaki jupliqlar tapsirrma sheshimlerin prezentatsiya ta’rizinde bayan yetedi

Toparlardin’ sheshimleri dodalanip, yen’ tuwri variant aniqlanadi

Oqitiwshi ha’r bir topar isine baha berip shinig’iwdi juwmaqlaydi

Talabalarga  to’mendegi  sxema u’lgi sipatinda usiniladi:



## “Qararlar shejiresi” (“qarar qabil yetiw”) strategiyasi

Strategiya belgili pa’n tiykarlarina bir qatar quramali temalardi o’zlestiriw, belgili ma’selelerdi ha’r ta’repleme, puqta analiz yetiw tiykarinda olar boyinsha belgili bir juwmaqqa keliw, mashqala boyinsha bildirillip atirg’an bir neshe juwmaq arasinan yen’ unamli ha’m tuwrisin tabiwg’a bag’darlang’an texnik jandasiw bolip tabiladi. Ol aldin’g’i ma’selelerde qabil yetilgen qararlardi ja’ne bir ma’rte analiz yetiw, oni toliq tu’siniwge xizmet yetedi.

Ta’limde strategiyani qollaw u’yrenilip atirg’an mashqala boyinsha duris qarar qabil yetiw (juwmaqqa keliw) ushin talabalar ta’repinen bildirilip atirg’an ha’r bir variantti analiz yetiw, tuwri ha’m qa’te ta’replerin aniqlaw imkaniyatin jaratadi. Og’an ko’re shinig’iwlarda talabalar to’mendegi sizilma tiykarinda isleydi ( ol yaki bul ta’rtiptegi xizmetti alip bariwda jaziw taxtasinan paydalanadi):




Strategiyanin’ o’zine ta’n ta’repi sonda, ol tikkeley belgili joybar tiykarinda qollaniladi. Joybar to’mendegi ko’riniske iye:

| Uliwmaliq mashqala | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1-qarar varianti | | 2-qarar varianti | | 3-qarar varianti | |
| Abzallig’i | Kemshiligi | Abzallig’i | Kemshiligi | Abzallig’i | Kemshiligi |
| | | | | | |
| **Qarar:** | | | | | |

Innovatsion metodlardi qollawda talabalardin’ jas, psixologik ta’repleri, dunyaqaras da’rejesi, o’mirlik ta’jiriybeleri yesapqa alinsa, sabaq na’tiyjeliligi ja’nede asadi. Bul bolsa oqitiwshilardan ka’siplik sheberlik, ta’jiriybe, bilimdanliq,

sezgirlik ha’m intuitsiyag’a iye boliwin talap yetedi.

## T-sizilma grafik organayzeri

**T-sizilma** debat waqtinda qos juwaplar (awa/yaq, ta’reptar/qarsi) yaki salistiriw qarama-qarsi juwaplardi jaziw ushin universal grafik organayzer yesaplanadi. Ma’selen “Xorezmshaxtin’ qorg’aniw rejesi” tekstin “ta’reptar ha’m qarsi” printsipine tiykarlanip oqilg’aninan son’, bir jup oqiwshi to’mendegi keltirilgenindey T-sizilmani du’ziwi ha’m bes minuttan keyin, sizilmanin’ shep ta’repinde Xorazmshahlar ma’mleketinin’ saqlap qaliniwi ushin bes minut ishinde qansha oylap tabiw mu’mkin bolg’an sonsha sebepti jaziwi mumkin. Son’ bes minut dawaminda olar bul pikirge qarsi ilaji barinsha ko’p sebepti keltiriwi kerek. A’ne usi waqit juwmag’inda olar ja’ne bes minut dawaminda o’z T-sizilmalarin basqa jupliq sizilmalari menen salistiriwi mu’mkin.

## Yeki bo’limli ku’ndelikler

Yeki bo’limli ku’ndelikler talabalarg’a tekst mazmunin ozinin’ jeke ta’jiriybesi menen tikkeley baylanistiriw, o’zinin’ ta’biyiy qizig’iwshilig’in qandiriw imkanyatin beredi. A’sirese, talabalar qandaydir u’lken tekstti u’yde, oqiw auditoriyasinan tisqari oqip shig’iw tapsirmasin alg’aninda yeki bo’limli ku’ndelik paydali yesaplanadi.

Yeki bo’limli ku’ndelik ushin talabalar jazilmag’an qag’azdin ortasinan tik siziq o’tkizip, oni yekige ajirata aliwlari kerek. Qag’azdin’ shep ta’repine tekstin’ qaysi bo’legi olarg’a yen’ ko’p ta’sir qaldirg’anin belgilep o’tedi. Itimal, ol o’mirde ju’z bergen qandaydir waqiyani yeske tu’sirer yaki u’lken ta’sir qaldirar. Yamasa olardin qa’lbinde keskin naraziliq sezimin oyatar. On’ ta’repinde olar tu’sinik beriwleri kerek: a’yne usi tsitatani jaziwg’a olardi ne na’rse ma’jbu’r yetti? Olarda qanday pikirler oyatti? Usi mu’na’siybet penen olarda qanday soraw tuwildi? Qisqasi, tekstti oqig’anda, talabalar waqti-waqti menen toqtawi ha’m o’zlerinin’ jup ku’ndeliklerinde usinday belgiler qoyip bariwlari kerek.

## *«Tuwri jol» pedtexnologiyasi*

«Oqitiwdin’ sapasin ko’teriw ushin mu’g‘a’llim o’zi oqitiw, sabaq o’tiw o’nerin men’gerip aliwi sha’rt»,-degen edi belgili alim I.V.Teku’shev.

«Mu’g‘a’llimnin’ ha’mme na’rsesi, kelbetide, ju’ris-turisida, kiyiniwide, so’ylegen so’zide suliw boliwi za’ru’r degen edi»,-belgili alimlardin’ biri. Mine usi misallar oqitiwshig‘a, mu’g‘a’llimge degen ka’siptin’ a’hmiyetin ja’ne bir ma’rte ko’rsetip beredi. Sabaq-kiriw ha’m shig‘iw qon’irawinan arasinda dawam etip oqitiwshi onda belgili bir topardin’ sabaqti tu’siniwine, bilim aliwina, ta’rbiyasina, ha’tteki keleshek o’mirinede juwapker boladi. A’yyemgi grek filosofi Sokrat o’zinin’ oratorliq shig‘ip so’ylewlerinde soraw-juwap usilin tez-tez qollanar edi. Al a’yyemgi Rim filosofi M.F.Kvantilian ha’r bir oqiwshig‘a ta’rbiya beriwde o’z aldina, o’zine ta’n halda jandasiw kerekligin ma’slaha’t yetedi.[1] Bunda oqitiwshig‘a «aqliy hu’jim», «klaster», «muz jarg‘ish», «piramida», «isshi oyinlar» (delovie igri) usillari qol keledi. Mine usinday jan’a pedagogikaliq texnalogiyalardin’ biri joqari oqiw orinlarinda «Ruwxiyliq tiykarlari» pa’ninen a’meliy sabaqti oqitiwg‘a arnalg‘an «tuwri jol» pedtexnalogiyasi yesaplanadi.

Bul pedtexnologiyanin’ tiykari birden baslap jetige shekem sanlardan ibarat bolg‘an bir qarag‘anda quramali, biraq a’piwayi sistemadan turadi.




[1] Н.Х.Авлиякулов «Педагогическая технология».Т. 2009 ж. 74 бет.

Pedagogikaliq texnologiyanin’ qag‘iydasi: Oqitiwshi leksiyada o’tken temalar boyinsha joqaridag‘i jeti sang‘a say jeti ga’pti mag‘liwmat sipatinda jazdiradi. Oqitiwshi duris ha’m qa’te mag‘liwmatlardi aldinnan du’zip, olardi aralastirip, o’zgertip jazdiradi. Oqiwshilardin’ waziypasi qaysi mag‘liwmat qa’te ha’m qaysi mag‘liwmat duris yekenligin aniqlaw bolip tabiladi. Oqiwshi birinshi mag‘liwmattan baslap aniqlaydi. Yeger oni duris mag‘liwmat dep tapsa, yeki siziqli jolg‘a tu’sedi, yeger qa’te dep yesaplasa, bir siziqtan barip yekinshi sang‘a o’tedi. Usilay yetip jeti mag‘liwmatti aniqlap jeti san boylap barip, ingliz ha’riplerinen ibarat bolg‘an bir ha’ripke baradi. Oqitiwshi bul tapsirmani orinlaw ushin ha’mmege ten’dey 5 minuttan 10 minutqa shekem waqit beredi. Belgilengen waqittan son’ ha’mmeden jumislarin toqtatiwdi soraydi ha’m juwaplarin tekserip shig‘adi.

Zaman tezlik penen wo‘zgerip barar yeken ta’lim tarawinda da jan’a ha’m jan’a texnologiyalar qa’liplesip bara beredi. Sonday yeken, ha’r bir pedagog wo‘z xizmetinde innovatsion ta’lim tarawindag’i wo‘zgarislerge tayar turiwi ha’m pedagogik sheberligin ha’mme waqitta rawajlandirip bariwi talap yetiledi.

Shig’arilg’an juwmaqlar tiykarinda talabalar bilimin qadag’alaw ha’m bahalawda innovatsion texnologiyalardan na’tiyjeli paydalaniw barisinda to’mendegi usinislardi alg’a su’riw mu’mkin:

-sabaqlarda innovatsion texnologiyalard qo‘llawg’a u’lken a’hmiyat qaratiw;

-innovatsion texnologiyalardi qollaw barisinda ha’r bir pa’n oqitiwshisi ta’jiriybesin ha’mme waqitta asirip bariw;

- respublika joqari bilimlendiriw worinlari jumisinda rawajlang’an shet yel ma’mleketleri ta’limi a’meliyatinda qo‘llanilip atirg’an aldin’g’i ta’jiriybeler ha’m zamanago’y innovatsion texnologiyalardi na’tiyjeli ja’riya yetiw arqali bul barada pedagoglardin’ is ta’jiriybelerin bayitiw ha’m wolarda ta’lim protsesin na’tiyjeli sho’lkemlestiriwde do’retiwshilik, innovatsion jandasiwdi qarar taptiriw;

- ta’lim sipatin asiriw ha’m na’tiyjeliligin ta’miynlew jolinda innovatsion texnologiyalardan na’tiyjeli, tabisli paydalaniwg’a tiyisli jergilikli ta’jiriybelerdi toplaw, wolardi g’alabalastiriw;

Oqitiwshinin’ innovatsion xizmeti pedagogik komandani ha’reketke keltiriwshi,

alg‘a baslawshi, jaratiwshiliqqa bag’darlawshi ku’sh sipatinda ko’rinedi ha’mde wol ta’lim protsesinin’ sipatin kepilleydi. Sonin’ ushin ha’r bir woqitiwshi innovatsiyalardin’ ma’nisin toliq tu’singen halda o‘z xizmetine izshil ja’riya yete alsa ta’lim protsesi de sipat ha’m na’tiyjelilik ko’z-qarasinan rawajlanip baradi. Bul bolsa o‘z na’wbetinde ta’lim sistemasinin’ rawajin ta’miynleydi.

Texnologiyalardan paydalanip atirg’an ta’lim beriwshiler talabalarg’a bilim beriwde, a’lbette unamli na’tiyjelerge yerisedi. A’sirese, bul talabalardin’ o’zbetinshe pikirlew, kasiplik sheberligi, do’retiwshilik qa’biliyetlerin rawajlandiriwda u’lkeni a’hmiyetke iye. Demek, talabalardin’ bilimlerin qadag’alawda da innovatsion xarakterge iye qurallardan izshil ra’wishte paydalaniw arqali ta’lim sistemasi yaki protsesi turaqli rawajlanip baradi.

Juwmaq qilip soni aytiwimiz mu’mkin, innovatsion ta’lim texnologiyalari ta’lim na’tiyjelilin asiriwg’a aqilana ha’m do’retiwshilik jandasiwg’a alip keledi ha’m bunda ta’lim beriwshi o‘z yerkinligine iye bo‘ladi, sabaqta qollanilg’an tu’rli usullar, qurallar na’tiyjeliligin o‘zi bahalawi ushin imkaniyat jaratiladi.

# 2-BAP. HUQI’QTANI’W SABAQLARI’NDA INNOVACION METODLARDAN PAYDALANI’W

## 2.1. Huqi’q pa’nlerin oqi’ti’wda keyslerden paydalaniw

Ha’zirgi ku’nde pedagogika tarawindag’i yen’ a’hmiyetli waziypalardan biri ha’r ta’repleme ku’shli, bilimli, g’arezsiz pikirleytug’in shaxsti ta’rbiyalaw bolip tabiladi. Bunda sabaqta ha’m a’meliy shinig’iwlarda o’z betinshe jumislardin’ sho’lkemlestiriliwi u’lken a’hmiyetke iye. Informatsiya ag’imi ha’m bilimler shen’beri tez pa’tler menen ken’eyip baratirg’an ha’zirgi sharayatta barliq mag’liwmatlardi tek g’ana sabaq shinig’iwlarinda talabalarg’a jetkiziw qiyin, a’lbette. Sonin’ ushin da oqitiwshilar talabalardin’ o’zbetinshe jumislarin tuwri sho’lkemlestiriwge ayriqsha a’hmiyet qaratiwlari’ lazim.

Gu’zetiwiler soni ko‘rsetedi, talabalar ta’repinen o’zbetinshe jumislardin’ innovatsion pedagogik texnologiyalar tiykarinda sho’lkemlestiriw bo‘yinsha ta’jiriybeler yele jeterli yemes.Oqiw orinlari oqitiwshilari o’z betinshe jumislarg’a jeterli da’rejede itibar bermesten da’sturiy usillar (referat jaziw, misal sheshiw h.t.b.) menen g’ana sheklenedi. Bul tu’rdegi usillar bolsa talabani g’arezsiz pikirlewge u’yretpeydi, ka’siplik ko’nlikpesin rawajlandirmaydi, shinig’iwg’a bo‘lgan qizig’iwdi asirmaydi.

Haqiqiy innovatsion pedagogik texnologiyalarda oqiw maqsetleri bolajaq kasiplik xizmetke qaratilg’an boladi. Bunday texnologiyalardan biri **"keys-stadi"** bolip tabiladi.

**Keys** - (inglizshe - TRUE LIFE atamasina ko’re) bul haqiqiy wo’mirdin’ «bir bo’legi». Keys ma’selenin’ a’piwayi haqiqiy bayani bolip qalmay, ba’lki ma’seleni tus’iniw ha’m bahalawg’a imkan beretug’in birden-bir informaciya kompleksi bolip tabiladi.

**Keys-stadi** inglizshe sase – aniq halat, study – ta’lim so’zlerinin’ birigiwinen hasil qiling’an bolib, aniq halatti uyreniw, analiz yetiw ha’m socialliq a’hmiyetke iye na’tiyjelerge yerisiwge tiykarlang’an ta’lim metodi bolip tabiladi. Bul metod mashqalali ta’lim metodinan pariqli ra’wishte real halatti u’yreniw tiykarinda aniq

qararlar qabil qiliwg'a tiykarlanadi. Yeger ol oqiw processine belgili bir maqsetke yerisiw joli sipatinda qollanilsa, metod xarakterine iye boladi, qa'legen bir processti ja'riya yetiwde basqishpa-basqish, belgili bir tiykarinda a'melge asirilsa, texnologik ta'repti wo'zinde sa'wlelendiredi.

Usi metod da'slep 1920-ji'lda Garvard biznes mektepinde qollanilg'an. Garvard biznes mektebinin' oqitiwshilari biznes bag'darindag'i aspirantura bo'limi ushin tuwri keletug'in sabaqliqlardin' joqlig'in tez an'laydi. Usi ma'seleni sheshiw ushin biznes mektebinin' oqituwshilari ta'repinen qoyilg'an da'stlepki qa'dem jetekshi biznes a'meliyachilarinan intervyu aliw ha'mde mine usi menedjerlerdin' xizmeti, og'an ta'sir yetiwshi faktorlar boyinsha toliq yesabat jaziw boldi. Lekciya tin'lawshilarg'a wol yaki bul sho'lkem dus kelgen konkret halat, usi halatti analiz yetiw ha'm mustaqil ra'wishte yaki komanda bolip debat sholkemlestiriw tiykarinda onin' sheshimin tabiw ta'rizinde usinilar yedi. Keyinshelli keys metodi biznes bag'darindag'i ta'lim worinlarinda ken' ja'riya yetilgen. Ha'zirgi ku'nde bolsa, ka'siplik kompetentlikti rawajlandiriw jag'inan bul metod ta'reptarlari ko'beyip barmaqta. XX a'sirdin' 50 jillarinan baslap biznes-keysler Batis Evropa



ma’mleketlerinde ken’ tarqaldi. Evropanin’ jetekshi biznes mektepleri keys-stadi metodi tiykarinda sabaq berip qalmay, keyslerdi jaratiwda da belsendi qatnasa basladi.

**Keys - stadi metodi to’mendegilerdi na’zerde tutadi:**

- keys tapsirmasin jazba ko’riniste tayarlawdi;
- talabalardin’ keys tapsirmasin o’z betinshe uyreniwleri ha’m dodalawi;
- Professor-oqitivshi basshilig’inda auditoriyada birgelikte keys-tapsirmasin dodalawi;
- «dodalaw sheshimnen de a’hmiyetli» principlerine boysiniwdi.

**Keys-stadidin’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri:**

- Izleniwge tiyisli ma’selenin’ bar boliwi.
- Toparda ha’m komandada oqitiw.
- Individual, toparli ha’m komandali jumis ko’rinisleri integraciyasi.
- Ha’rqiyli Oqiw joybarlarin islep shig’iw.
- Tabisqa yerisiw ushin talabalardin’ Oqiw-biliw xizmetin qollap-quwatlaw



## Keys-metodin a'melge asiriw basqishlari

1. Keys penen tanisiw (individual) tiykarg'i mashqalani (Oqiw mashqalasin) ajiratip aliw ha'm uyreniw (individual ha'm kishi toparlarda)

3. Ideyalar jiynaw ha'm mashqalanin' sheshimin izlew (kishi toparlarda)

4. Keys sheshimi ushin usinis yetilgen ideyalardin' prezentaciyasi, analiz ha'm bahalaw (oqitiwshi ha'm kishi toparlar).

5. Keys sheshimi ha'm usinislar (oqitiwshi, kishi toparlar ha'm individual)

## Keys-metodin a'melge asiriwshi oqitiwshi xizmetinin' basqishlari

1) tayarliq basqishi;

2) tiykarg'i basqish: keys-stadi metodin a'melge asiriw;

3) analiz, bahalawshi basqish.

***Keys penen islew processinde professor-oqituwshinin' ha'reket strategiyasi:***

1. Oqitiwshi mashqalanin' sheshimin tabiwg'a ja'rdem beriwshi gilt waziypasin worinlawshi qosimsha sorawlardi yaki magliwmatlardi usinis yetiwi mu'mkin.
2. Ayirim halatda oqitiwshinin' wo'zi juwapti aniqlastiriwi mu'mkin.
3. Mashqala u'stinde talabalar islep atirg'an waqitta oqituwshi hesh qanday ja'rdem bermewi mu'mkin.

## Oqi'wshi'lar ta'repinen keysti sheshiw basqishlari:

Ja'ha'n ta'jiriybesi ko'rsetiwinshe, yeger talabalardin' keysti sheshiw texnologiyasi yeki basqishtan ibarat bolsa, ta'limiy maqsetlerge yerisiwde ja'nede ko'birek na'tiyjege yerisiw mu'mkin:

Birinshi basqish – keysti sheshiw boyinsha individual (auditoriyadan tisqari) is.

Yekinshi basqish – keys penen birgelikte komanda bolip (awditoriyada) islew.

**Birinshi basqish** – keysti sheshiw boyinsha individual jumis.

*Oqi'wshi' mustaqil turde:*

1) keys materiallari menen tanisadi;

2) usinis yetilgen halatti u'yrenedi, analiz yetedi ha'm tiykarlaydi;

3) mashqala ha’m mashqala asti maselelerdi ajiratadi, halatti u’yreniw ha’m analiz qiliw usillarin tan’laydi;

4) berilgan a’meliy halatti analiz qiladi; ajiratilg’an mashqalani sheshiw usillari ha’m qurallarin belgileydi ha’m tiykarlaydi;

5) usinis yetiletug’in qarardi a’melge asiriw boyinsha ilajlardi islep shig’adi.

**Yekinshi basqish** – keys boyinsha komanda bolip islew talabalar kishi toparlarg’a bo’linip, birgelikte keys u’stinda isleydi:

1) topar ag’zalarinin’ halat, tiykarg’i mashqalalar ha’m wolardi sheshiw jollari haqqindag’i tu’rli ko’z-qaraslardi aniqlastiradi;

2) sheshimnin’ usinis yetilgen variantlarin dodalaydi ha’m bahalaydi, qoyilg’an mashqala ta’repinen usi halat ushin yen’ tuwri variantti tan’laydi;

3) mashqalali halat sheshimine alip keletug’in tan’lang’an ha’reketler jolin a’melge asiriwdin’ aniq qa’dembe-qa’dym da’stu’rin toliq islep shig’adi;

4) prezentaciyag’a tayarlanadi ha’m ko’rsetiletug’in material raэsmiylestiriledi.

Keysti sheshiw na’tiyjelerin kishi toparlar ta’repinen prezentaciya wo’tkiziw*:*

1) real halat sheshimine tiyisli wo’z variantlarin usiniw;

2) tan’lang’an ha’reketler jolina tu’sinik beredi ha’m sheshimnin’ durislig’in da’liylleydi;

3) basqa topar ag’zalarinin’ sorawlarina juwap berydi ha’m wo’z usinislarin bildiredi.

Komanda bolip keys u’stinde islew:

- toparlar usinis yetken sheshimler variantlarinin’ dodalaniwi;
- usinis yetken sheshimlerdin’ wo’z-ara bahalaniwi;
- usinis yetilgen sheshimlerdin’ wo’mirden aling’anlig’i ha’m a’melge asiriliwi mu’mkinligine birgelikte (talabalar ha’m oqitiwshi) baha beriliwi de mu’mkin.

Yeger keys soraw ko’rinisinde bolsa, wonda bayan yetilgen halat aqirinda mashqalali halatti analiz qiliw ha’m sheshiw processinde dodalaniw ushin bir neshe sorawlar keltiriledi.

Yeger **keys-tapsirma** bolsa mashqalali maydan qa’liplestirilgennen keyin “Kiris” bo’leginde keys sheshiw processinde talabalar ta’repinen waziypa beriledi. Biz to’mende sizge milliy ideya, ruwxiyliq tiykarlari ha’m huqiq siyaqli pa’nlerdi oqitiwda qo’llanilatug’in tapsirmali ha’m sorawli keyslerden u’lgiler keltiremiz.

## 1. JAG’DAY

Ma’mleketlerdin’ rawajlaniw tendensiyalari ma’selesinde oqitiwshilar o‘rtasinda wo‘zara pikir almasip atirga’nda, tariyx pa’ni oqitiwshisi I.Kabirov O‘zbekistan Respublikasinin’ ma’mleket du’zilisi ko’rinisi haqqinda aytip, onin’ quraminda Qaraqalpaqstan Respublikasi bar bolg’anlig’i ushin federativ ma’mleket dep atadi. Usi orinda huqiqtaniw pa’ni oqitiwshisi SH.Hasanov onin’ pikirin tuwrilawg’a ha’reket qilip, O‘zbekistan federativ ma’mleket yemes, ba’lki federativ belgilerge iye bo‘lg’an unitar ma’mleket yesaplaniwin aytip o’tti. Geografiya pa’ni oqitiwshisi A.Otaboev qaysidir alimnan yesitiwi tiykarinda, O‘zbekistan quramalasqan unitar ma’mleket yesaplaniwin, sonin’ ushin olardin’ ha’r yekewi de qa’tege jol qo‘yg’anlig’in aytti. O‘zbekistan Respublikasi haslinda du’zilis ta’repinen qanday ma’mleket?

**Soraw:**

1. Qaraqalpaqstan Respublikasinin’ huqiqiy statusi qanday tiykarlarg’a iye?
2. O‘zbekistan Respublikasinin’ ma’mleket du’zilis tu’ri bo‘yinsha qaysi oqitiwshinin’ pikiri duris?
3. O‘zbekistan Respublikasi ma’mleket du’zilis tu’ri bo‘yinsha qanday ma’mleket?

| **Mashqalali jag’day tu’ri** | **Mashqalali jag’daydin’ sebepleri** | **Aniq sheshimin tabiw ha’reketleri** |
|---|---|---|
| | | |

## 2. JAG’DAY

Huqiqtaniw pa’ninen seminar shinig’iwi payitinda talaba SH.Qudaybergenov ma’mleketlerdin’ basqariw tu’reri haqqinda aytip Vatikan ma’mleketinin monarxiya ma’mleketi sipatinda tilge aldi. Sabaqta qatnasip atirg’an talaba J.A’zamov Vatikan ma’mleketin papa basqariwi, ol katolik ruwhaniyi bolip, o’mirinin’ aqirina shekem u’ylenbewi, taxitqa onin’ a’wladi o‘tirmaslig’i sebepli bul ma’mleket monarxiya yesaplaniwin aytti.

**Soraw:**

1. Vatikan ma’mleketi basqariliwi jag’inan qanday ma’mleket?
2. Talabalardin’ bergen ta’riyplerinen kelip shig’ip jag’daydi analiz qilin’.

**«Mashqalali jag’day» kestesi.**

| Mashqalali jag’day tu’ri | Mashqalali jag’daydin’ sebepleri | Sheshimdi aniqlaw ha’reketleri |
|---|---|---|
| | | |

## 3. JAG’DAY

Malayziya ma’mleketi tog’iz sultanliqtan ibarat bolip, sultanlar administrativlik birliklerdi miyrasliq ta’rtipte basqaradi. Ma’mleket basshisin usi tog’iz sultan ha’r bes jilda jan’a mu’ddetge saylap qoyadi. Usi ta’rizde ma’mleket basshisi bir neshe mu’ddet saylaniwi da, bir ma’rte saylanip keyin saylanbaslig’i da mu’mkin. Aytin’, Malayziya basqariwg’a ko‘re qanday ma’mleket?

**Soraw:**

3. Malayziyada respublika ha’m monarxiyag’a ta’n ta’replarin ajiratin’.
4. Malayziya ma’mleketin basqariw tu’rine ko’re qanday ma’mleketler qatarina kiriwin aniqlan’.

| Mashqalali jag’day tu’ri | Mashqalali jag’daydin’ sebepleri | Halattin’ sheshimin tabiw ha’reketleri |
|---|---|---|
| | | |

Talabalardin' o'z betinshe islerin duris sho'lkemlestiriwde a'meliy tapsirmalar beriw de a'hmiyetke iye yesaplanadi.

## Huqiqtaniw pa'nlerinen sorawli keyslar u'lgileri

### 1-keys

Sabir orta mektepnin' 9-klasin tamamladi. Guwaliqta «u'sh» bahalar bolg'anligi, unamsiz minez-quliqqa iyeligi sebepli, Sabir hesh bir kasip- o'ner kolledjina qabil qilinbadi. Ha'r bir kolledjdin' basshisi Sabirdi basqa akademik licey ha'm kasip- o'ner kolledjine kiriwdi usinis yetdi. Biraq, Sabirdin' ata-anasi ha'r sapari balasin o'zleri jasaytug'in aymaqtag'i kasip- o'ner kolledjine ta'lim aliwdi, sondag'ana oni qadag'alap turiwlari mu'mkinligin aytti.

**Sorawlar:**

1. Aytin'shi, ka'sip-wo'ner kolledjlerinin' basshilari Sabirdi oqiwg'a qabil yetpewge haqisi barma?
2. Sabirdin' ata-analarishe?
3. A'yne halatta Sabirdin' qanday huqiqlari buzilip atir?

**Talabalarg'a usinis yetiletug'in derekler:**

“Insan huqiqlari pu'tkilja'han Deklaraciyasi”, “Bala huqiqlari haqqindagi” Konvensiya, O'zbekistan Respublikasinin' Konstituciyasi, ha'm “ Ta'lim haqqindagi” Nizami.

**Talabalar ushin ko'rsetpeler:**

1. Keys ma'nisin toliq an'lap alin'.
2. Berilgen dereklerge tayang'an halda mashqalanin' sheshimin tabiwg'a xizmet qiliwshi faktorlardi aniqlan'.
3. Aniqlang'an faktorlar arasinan mashqalag'a barlig'inan ko'birek baylanisli bolg'an faktor (yaki yeki faktor)di ajiratin'.
4. A'ne usi faktorlar tiykarinda sheshimin tiykarlawg'a urinin'.
5. Sheshimin bayan yetin'.

**Keys sheshiw processi:**

1. Talabalar keys ma'nisi menen yeki – u'sh ma'rte tanisiw arqali, sherigi (jupliqta), toparlasi (kishi toparlarda) yaki komandalasi (komandada) menen dodalaw qilg'an halda toliq a'lap aladi.
2. Talaba sherigi (jupliqta), toparlasi (kishi toparlarda) yaki komandalasi (komandada) menen dodalaw qilg'an halda mashqalanin' sheshimin tabiwg'a ha'reket qiliwshi faktorlardi aniqlaydi.
3. Talaba (kishi topar, komanda) aniqlang'an faktorlar arasidan mashqalag'a barlig'ina tiyisli bolg'an faktor (yaki yeki faktor)di ajiratip aladi.
4. Talaba (jupliq, kishi topar, komanda) sheshimin ajiratip aling'an faktor (yeki faktor) tiykarinda bayan yetedi.
5. Sheshim individual, kishi toparlar yaki komanda qatnasiwinda dodalaw qilinadi.

**Oqitiwshinin' sheshimi**

Ka'sip- o'ner basshilari socialliq qa'wip bolmag'an halda "u'sh" bahag'a oqig'anlig'i ha'm minez-hulqinda unamsiz halatlar ko'zge taslang'ani ushin Sabirdi Oqiwg'a qabil qilmasliqqa haqili yemes. Olar shaxstin' bilim aliwg'a bolg'an huqiqin buzg'an. Qalaberse, kasip- o'ner kolledjlerinde ta'lim aliw ma'jbu'riy – ixtiyarli xarakterge iye. Usi sebepli Sabir ha'm wonin' ata-anasi kasip- o'ner kolledjin o'zleri tan'lay aladi.

Yeger kolledjge qabil qiliw sinaw, imtihanlar tiykarinda alip barilsa ha'm Sabirdin' o'zi olarg'a puqta tayyarlanbag'anlig'i sebepli sinawdan o'te almasa, ol halda a'ne usi kasip- o'ner kolledjine qabil qilinbaydi.

Bul halatta Sabirdin' bilim aliw huqiqi (O'zbekistan Respublikasi "Ta'lim haqqindagi" Nizaminin' 4-statyasi) buzilg'anlig'i sebepli kasip- o'ner kolledji basshilari administrativlik juwapkershilikke tartiladi.

**2- keys**

Pedagogik ken'es jiynalisinda mektep direktori oqitiwshilardin' itibarina to'mendegi ma'g'lumatti aytip o'tti: 6 ata-ana ta'repinen perzentin in'liz tili teren'lestirilip o'tiletug'in 5- klassqa qabil qiliniwi soralg'an arza berildi.

Klassqa tek g’ana bir oqiwshini qabil qiliw imkaniyati bar. Sizler qanday pikirdesizler, kimdi qabil qilamiz?

**Arza bergen Oqiwshilardin’ sociyalliq jag’dayi ha’m qatlamlastirilg’an klassqa qabil qiliniwdi tiykarlawshi halatlar:**

1 - Oqiwshi: basqa aymaqta jasaydi, mektep janinda onin’ apasi jasaydi, qalaberde, ol ta’biyiy pa’nlerden ayriqsha bahalarg’a oq’iydi.

2 - Oqiwshi: mektep jaylasqan aymaqta jasaydi, onin’ ma’ha’lledegi barliq doslari usi klassta ta’lim alg’anligi sebepli usi mektepke o’tiwge qarar qilg’an.

3 - Oqiwshi: basqa qaladan kelgen, onin’ ata-anasi diplomat, sol sebepli Oqiwshi ingliz tilin ayriqsha biledi, qalaberse, u’sh aydan son’ olar basqa ma’mleketke ko’ship ketedi.

4 - Oqiwshi: yekinshi jilg’a qalg’an, 4 pa’ndi “qanaatlandirarsiz” bahag’a o’zlestiredi, qalaberse, ishki isler bo’liminde dizimde turadi, biraq, mektep jaylasqan aymaqta jasaydi.

5 - Oqiwshi: awildan ko’ship kelgen, ol jerde mektepte bolsa ingliz tili oqitilmag’an, mektep jaylasqan aymaqta jasaydi, ko’p waqtin biykar o’tkizedi.

6 – Oqiwshi: balaliqtan 2-topar na’girani, balalar cerbral paralishi (BCP) diagnozina iye, pa’nlerdi “4” ha’m “5” bahalarg’a o’zlestiredi, jalg’iz ananin’ qolinda ta’rbiyalanadi, sonin’ menen birge mektep jaylasqan aymaqta jasaydi.

Sizin’she, ingliz tiline qa’niygelestirilgen klassqa qaysi oqiwshi qabil qilinadi?

**Talabalarg’a usinis etiletug’in derekler:**

1. O’zbekistan Respublikasinin’ “Ta’lim haqqinda” gi Nizami.
2. O’zbekistan Respublikasinin’ “Puqaralardi sociyalliq qorg’aw haqqinda”gi Nizami.
3. Ta’lim orinlarinin’ “Qatlamlastirilg’an ta’limdi sho’lkemlestiriw haqqinda” g’i Nizami.

**Talabalar ushin ko’rsetpeler:**

6. Keys ma’nisin toliq an’lap alin’.
7. Berilgen dereklerge tayang’an halda mashqalanin’ sheshimin tabiwg’a xizmet qiliwshi faktorlarni aniqlan’.

8. Aniqlang’an faktorlar arasidan mashqalag’a barlig’inan ko’birek tiyisli bolg’an faktor (yaki yeki faktor) di ajiratin’.
9. A’ne usi faktorlar tiykarinda sheshimin tiykarlap beriwge urinin’.
10. Sheshimin bayan yetin’.

**Keys sheshiw processi:**

1. Talabalar keys ma’nisi menen yeki – u’sh ma’rte tanisiw arqali, sherigi (jupliqta), toparlaslari (kishi toparlarda) yaki komandalaslari (komandada) menen dodalaw qilg’an halda toliq an’lap aladi.
2. Talaba sherigi (jupliqda), toparlaslari (kishi toparlarda) yaki komandalaslari (komandada) menen dodalaw qilg’an halda mashqalanin’ sheshimin tabiwg’a ha’reket qiliwshi faktorlarin aniqlaydi.
3. Talaba (kishi topar, komanda) aniqlang’an faktorlar arasinan mashqalag’a barlig’ina tiyisli bolg’an faktor (yaki yeki faktor)di ajiratip aladi.
4. Talaba (jupliq, kishi topar, komanda) sheshimin ajiratip aling’an faktor (yeki faktor) tiykarinda bayan yetedi.
5. Sheshim individual, kishi toparlar yaki komanda qatnasiwinda dodalaw qilinadi.

**Oqitiwshinin’ sheshimi**

O’zbekistan Respublikasinin’ “Ta’lim haqqinda”g’i ha’m “Puqaralardi sociyalliq qorg’aw haqqinda”gi Nizamlarinda bayan yetilgan administrativlik talaplarg’a muwapiq ingliz tiline qa’niygelestirilgen klassqa balaliqtan 2-topar na’girani bolg’an oqiwshi qabil qilinadi.

## 2.2. Huqi’qtaniw  pa’nlerin qadag’alaw ha’m bahalawda innovacion usi’llardan paydalaniw

Zamanago’y sharayatta tek g’ana ta’lim protsessin sho’lkemlestiriwde yemes, sonin’ menen birge talabalardin’ bilim, ko’nlikpelerin qadag’alawda da innovatsion xarakterge iye qurallardan paydalanilmaqta. Usi  orinda a’ne usinday qurallardan biri bolg’an – “Assesment” texnologiyasi haqqinda toqtalip  o’temiz.

**“Assesment”** inglizshe so‘z bolip, “baha”, “bahalaw” ma’nisin bildiredi. Assesment texnologiyasi talabalardin’ bilim, ko’nlikpe ha’m mamanlig’i da’rejesin ha’r ta’repleme, qalis bahalaw imkaniyatin beriwshi tapsirmalar toplami bolip,  ol biografiyaliq anketa, ta’lim tarawindag’i jetiskenlikler bayani,  oqiw individual tapsirma, do’retiwshilik jumis, dodalaw, intervyu, test, individual keys, prezentatsiya, ekspert gu’zetiwi, mashqalali jag’day, tu’sindirmeli so’zlik, rolli ha’mde ishbilermenlik wo‘yinlardan ibarat boladi. Texnologiya, tiykarinan to’mendegi, u’sh maqsette  xizmet qiladi:

1) talabalardin’ bilim, ko’nlikpe ha’m mamanlig’in ha’r ta’repleme qalis bahalaw;
2) talabalardin’ bilim, ko’nlikpe ha’m mamanlig’in rawajlandiriw imkaniyatlarin aniqlaw;
3) talabalardin’ bilim, ko’nlikpe ha’m mamanlig’in rawajlandiriwg’a xizmet qilatug’in na’tiyjeli reje (maqsetli da’stu’r) ni qa’liplestiriw.

Bul texnologiyanin’ jaratiliw tariyxi  o‘tken a’sirdin’ 30-40-jillarina barip taqaladi. Da’slep texnologiya a’skeriy jag’daylardi duris bahalay alatug’in, a’skeriy ha’reketler protsesin na’tiyjeli basqaratug’in, za’ru’r  o‘rinlarda tuwri ha’reketlerdi sho’lkemlestiretug’in ingliz ha’mde nemis a’skerleri arasinan bilimdan, isbilermen, sheberli a’skerler, sonday aq, ofitserlerdi tan’law maqsetinde qo‘llanilg’an. Keyinshelli  usi texnologiya isbilertmenlik tarawinda da  na’tiyjeli ja’riya yetildi. Texnologiya birinshi ma’rte 1954-jili “AT&T” kompaniyasi ta’repinen izertlew da’stu’rlerin a’melge asiriw shen’berinde qollanilg’an. To‘rt jildan son’ mamanli menedjerlerdi tan’law maqsetinde qo‘llanila baslang’an

texnologiya negizinde isbilermenler, psixologlar menen birgelikte bul texnologiya ja'rdeminde islep shig'ariw, sawda, xaliqqa xizmet ko'rsetiwshi ka'rxana ha'mde sho'lkemler ushin mamanli qa'niygelerdi tan'law xizmeti – "Assesment-markaz" (**"The Assessment Centre")ti** jolg'a qoyg'an. Keyinshelli ko'plegen firmalar "Assesment-markaz" tiykarinda mamanli qa'niygelerdi tan'lawdi maqul ko'rip, na'tiyjeli qo'llag'an bolsa, ha'zirgi waqitta ta'lim sistemesinda, wonin' ja'rdeminde talabalardin' bilim, ko'nlikpe ha'm mamanlig'i da'rejesin ha'r ta'repleme, qalis bahalanbaqta.



Ha'zirgi waqitta respublika bilimlendiriw worinlarinda talabalardin' bilim, ko'nlikpe ha'm mamanlig'i keminde to'rt tapsirma bo'yinsha bahalanbaqta. Assesmentlerdi qanday sho'lkemlestiriw oqitiwshinin' sheberligine baylanisli. Ma'selen: ka'sip-oner kollejlerinde Konstitutsiyani u'yreniw pa'ninen ku'ndelik yaki araliq qadag'alawda to'mendegi assesmentlerden paydalaniw mu'mkin.

## Assesment

<table>
<tr>
<td>

**1. Tu’sindirmeli so’zlik ( 0-3ball )**

**Konstitutsiya bul -**

**Prezident -**

**Senat -**

</td>
<td>

**3. Mashqalali jag’day** ( 0- 4ball )

Paytaxt keselxanalardin’ birinen wonsha uzaq bo'lmag’an jerden gu’l putasi astina kimdur taslap ketgen na’reste tawip alindi. Balanin’ kimligin aniqlaw ushin jaziw da, hu’jjette wonin’ janinda joq yedi.

Ta’biiy, perzentti puqaraliq halati hu’jjetlerinde belgilew ma’selesi payda boldi. Familiyasi, ati, atasinin’ atin dizimge alg’an shaxslar qa’lewine ko're belgilendi.

Balanin’ puqaralig’i ma’selesin sheshiwde mashqalalar kelip shiqti, sebebi mag’liwmatlar joqlig’i sebepli bala tuwilg’an jerdi aniqlaw imkaniyati bolmadi.

***Sizn’she, bul balanin’ puqaralig’i haqqindag’i ma’seleni qanday jol menen sheshiw kerek?***

</td>
</tr>
<tr>
<td>

**2. Do’retiwshilik jumis** ( 0-5ball )

O‘zbekistan – suveren demokratiyaliq respublika. Ma’mlekettin’ “O‘zbekistan Respublikasi” ha’m “O‘zbekistan” degen atlari bir ma’nisti an’latadi.

</td>
<td>

**4. Testler** ( 0-3ball )

**1. Ko`rsetilgen juwaplardan qaysi biri ma’mleket apparatina kirmeydi?**

A) Siyasiy partiyalar;

B) Hakimiyattin’ nizam shig’ariwshi worganlari;

C) Hakimiyattin’ atqariwshi worganlari;

D) Ma’mlekettin’ qadag’alaw ha’m reviziya worganlari.

**2. Referendum ne?**

A) uliwma dawis beriw;

B) «awa» yaki «yaq» dep dawis beriw;

C) saylawda qatnasiw;

D) Prezident saylaw;

</td>
</tr>
</table>

Talaba berilgen tapsirmalardi worinlawda ha’r bir tapsirmanin’ talaplarina itibar qaratiwi lazim baladi. Ma’selen, 2-do’retiwshilik jumista to’mendegi talaplarg’a juwap berse, ha’r bir duris juwap ushin oqiwshi 1 balldi qo‘lg’a kiritedi.

1. Berilgen qag’iydani tariyxiy tu’sindiriw ha’m pikirdi misallar menen toltiriw;
2. Berilgen qag’iyda konstitutsiyanin’ qaysi babina tiyisli yekenligin duris ko’rsetiw;
3. Berilgen qag’iydanin’ a’hmiyetin jaritiw ha’m tema menen baylanistiriw;
4. Usi qag’iydani insan ha’m puqaralardin’ huqiqlarin qorg’awdag’i a’hmiyetin jaritiw;
5. Qag’iydada berilgen “suveren”, “demokratiya”, “respublika” so‘zlerinin’ so’zlik ma’nisin jaziip beriw;

To’mende bes tapsirma bo‘yinsha bahalanatug’in assessment tapsirmalarg’a misal keltiremiz.

____________________________

____________________________

Bag’dar, kurs, topar, FIO

| TEST | MASHQALALI JAG’DAY | TA’RIYP BERIN’ |
|---|---|---|
| 1. “Belgili bir aymaqta wotiriqshi wo’mir keshiriwshi ha’m bir ha’kimiyatqa boysiniwshi adamlar awqami ma’mleket bolip tabiladi”. Ma’mleketke berilgen usi ta’riyp kimge tiyisli?<br>A) N.M.Korkunov<br>B) G. F. SHershenevich | Ma’mleket huqiqin wo‘rnatiwshi yaki sanksiyalawg’a qaramastan, individtay boliwi, yag’niy wo‘zinin’ is-ha’reketleri huqiq penen baylanisli boliwi lazim. Ta’riyp tuwri berilgenbe, huqiq tarepinen aydinliq kiritin’. | Ma’mleketke ta’riyp berin’ |

| | | |
|---|---|---|
| V) Immanuil Kant<br>G) Jan Boden<br>**(0 yaki 1 ball)** | **(0 yaki 1 ball)** | **(0 yaki 1 ball)** |
| **SIMPTOM**<br>Ma'mlekettin'  ma'nisine tiyisli teoriyalardi ko'rsetin'.<br>**(0 yaki 1 ball)** | **A'MELIY KO'NLIKPE**<br>Ma'mlekettin'  belgilerin analiz qilip berin'.<br>**(0 yaki 1 ball)** | |

| | | |
|---|---|---|
| **TEST**<br>**1.Unitar ma'mleketti ko'rsetin'**<br>a) AQSH<br>b) Yaponiya<br>c) Rossiya<br>d) Germaniya<br>**(0 yaki 1 ball)** | **MASHQALALI JAG'DAY**<br>SHaxs ma's halatta qilg'an ha'r qanday ha'reketi ushin juwapker yesaplanadi ha'm jazadan azat qilinbaydi.<br>**(0 yaki 1 ball)** | **TA'RIYP BERIN'**<br>"Belgili bir aymaqta wotiriqshi wo'mir keshiriwshi ha'm bir ha'kimiyatqa boysiniwshi adamlar awqami .............dep ataladi.<br>**(0 yaki 1 ball)** |
| **SIMPTOM**<br>- Yeki yaki wonnan artiq ma'mleket sistemasinin' bar yekenligi - sub'ektlerdin' ten'ligi ha'm uliwma sub'ektke bo'ysiniwshi,<br>-  huqiqiy sistemalardin' bir neshsheligi.<br>**(0 yaki 1 ball)** | **A'MELIY KO'NLIKPE**<br>- ob'ekti (huqiq penen ta'rtipke salinatug'in sotsiyalliq mu'na'siybetler);<br>- ob'ektiv ta'repi (huqiqtin' buziliwshi ha'm wonin' sotsiyalliq qa'wipliligi);<br>- sub'ekti (huqiqbuzarliqti a'melge asirg'an shaxslar);<br>- sub'ektiv ta'repi (huqiqbuzarliq aqibetinen kelip shig'atug'in sotsiyalliq qa'wipli qilmisqa bo'lgan sanali-ruwxiy mu'na'siybet).       **(0 yaki 1 ball)** | |

## Huqi'qtaniw pa'nlerin qadag'alaw ha'm bahalawda standart yemes test tapsirmalarinan paydalaniw

O'qitiwshilar ta'repinen sho'lkemlestiriletug'in ta'lim-ta'rbiya processinin' na'tiyjeliligin u'yreniwde oqiwshi'lardin' o'zlestirgen bilim, ko'nlikpelerin qadag'alawin ju'zeki, yag'niy standart o'qiw ha'm test tapsirmalari tiykarinda alip barilip atirg'anlig'i, talabalardin' o'zin-o'zi qadag'alaw processi sho'lkemlestirilmegenligin ko'rsetedi.

Ja'hannin' rawajlang'an ma'mleketlerinde o'qitiwshilar ta'repinen oqiw kursi mazmuni boyinsha test tapsirmalari bankin du'zip, bul testlerden «My test» da'stu'ri ja'rdeminde adaptiv test tapsirmalarin jaratip, talabalardin' o'z-o'zin qadag'alaw processi sho'kemlestirilmekte ha'm bul process ta'lim na'tiyjeliliginin' artiwina tikkeley ha'm tuwridan-tuwri ta'sir ko'rsetip atirg'anlig'i belgili bo'ldi.

Soni atap o'tiw kerek, oqiwshi'lardin' o'zlestirgen bilim, ko'nlikpe, kompetensiyalarin ha'm o'z-o'zin qadag'alaw processi joqari ta'lim orinlarinda sho'lkemlestiriletug'in ta'lim-ta'rbiya processinin' ajiralmas bir bo'legi bo'lip, bul processtin' maqsetke muwapiq sho'lkemlestiriliwi ta'lim na'tiyjeliligin artiwina jag'day tuwg'izadi.

A'meldegi qadag'alaw tu'rlerinde tiykarinan talabalardin' bilimlerine itibar berilip, ko'nlikpe bilimleri, do'retiwshilik jumis ta'jiriybeleri itibardan shette qalmaqta.

Oqiw kurslari bo'yinsha du'zilgen test tapsirmalarinin' ko'bisi reproduktiv test tapsirmalari bo'lip, isshi da'stu'rde ko'rsetilgen bilim, ko'nlikpelerden tek g'ana bilimdi aniqlaw imkanin beredi. Ko'nlikpe ha'm bilimlerdi aniqlaw ushin usinis yetilgen tapsirmalardin' ko'bisi bir qiyli du'zilgen bo'lip, talabalardin' wo'z betinshe ha'm do'retiwshi pikir ju'rgiziw ko'nlikpelerin rawajlandiriw itibardan shette qalip atirg'anlig'in ko'rsetedi.

Oqituwshilar ta'repinen talabalardin' o'zlestirgen bilim, ko'nlikpe, da'rejelerin aniqlaw ushin du'zilgen test tapsirmalari usi kurs sabaqlig'inan aling'an bolip, wolardin' qiyinliq da'rejesi reproduktiv, yag'niy oqiw materiali qayta islenbesten,

aqliy operaciyalar orinlanbastan, yeste saqlang'an mag'liwmatlar tiykarinda juwap qaytarilatug'in test tapsirmalari yesaplanadi. Bunday halatlar bolsa bilimlendiriw orinlarinda o'z – o'zin qadag'alaw duris sho'lkemlestirilmegenligin ko'rsetedi.

Innovacion qadag'alaw tu'rleri Blum taksonomiyasina ko're, oqiwshi'lar ta'repinen aqliy operaciyalar: analiz, sintez, salistiriw, qiyaslaw ha'm juwmaq qiliwdi, yag'niy do'retiwshilik pikir ju'rgiziwdi talap yetedi.

Talabalarda do'retiwshilikli jumis ta'jiriybelerin qarar taptiriw ha'm rawajlandiriwda innovacion tapsirma tu'rlerinen – keys stadi, oqiw joybarlari ha'm qiyinliq da'rejeleri produktiv, izlenisli ha'm do'retiwshi (kreativ), standart yemes testler a'hmiyetli wo'rin tutadi.

Talabalarlardin' o'zleshtiriw da'rejelerin aniqlawda standart test tapsirmalari menen birge standart yemes test tapsirmalarinan paydalaniw za'ru'rligi kelip shiqpaqta.

Test tapsirmalari qiyinliq da'rejesine ko're:

- Reproduktiv;
- Produktiv da'reje;
- Izlenisli da'reje;
- Do'retiwshi (kreativ) da'rejede bo'liwi mu'mkin.

1. **Reproduktiv testler** - yadda saqlang'an bilim, ko'nlikpe, ta'jiriybelerdi taniw arqali, qayta islemesten juwap bersa bolatug'in testler;

2. **Produktiv da'rejedegi testler -** aling'an bilimlerdi salistiriw, pariqlardi aniqlaw ha'm uliwma juwmaq shig'ariwdi talap yetiwshi testler;

**3. Salistirmali izlenisli da'rejedegi testler**- aling'an bilimlerin salistirip, izlenip, juwmaq shig'ariwdi talap qiliwshi testler;

**4. Do'retiwshi (kreativ) da'rejedegi testler** – talabalardin' alg'an bilim, ko'nlikpelerdi ku'tilmegen halatlarda qollay alatug'in da'rejedegi testler.

Sonday aq, testler mazmuni ha'm ma'nisine go're standart ha'm nostandart testlerge bo'linedi.

**Standart testler -** reproduktiv ha'm produktiv da'rejedegi testler yesaplansa, **nostandart testler** qiyinshiliq da'rejesi bo'yinsha o'sip bariwshi test tapsirmalari

yesaplanadi. Standart yemes test tapsirmalarinan ta'lim – ta'rbiya processinde maqsetke muwapiq paydalanilsa, talabalardin' bilim, ko'nlikpelerin aqilana qadag'alaw ha'm haqqaniy bahalaw imkaniyati jaratiladi. Bul bolsa talaba ha'm professor oqitiwshilar arasinda salamat ortaliqti qa'liplestirip, bilim, ko'nlikpelerge to'liq iye bo'lg'an ba'sekiles kadrlardi qa'liplestiredi.

To'mende biz itibarin'izg'a "O'zbekistan Respublikasi Konstituciyasin u'yreniw" kursinan du'zilgen nostandart, produktiv testlerden bir neshesin usinis yetemiz.

***STANDART yemes TESTLER***

***1. Blum taksanomiyasi boyinsha biliwge tiyisli oqiw maqsetine da'rejesin qadag'alaw ha'm bahalawda paydalanilatug'in nostandart test tapsirmalari***

To'mendegi mag'liwmatlardin' qaysi biri tuwri? Juwaplar kestesine "awa" yaki "yaq" so'zin jazin'.

A. Konstituciya so'zi latin tilidan aling'an bolip, ***"konstitucio"-*** du'zilis, belgilew degen ma'nislerdi bildiredi.

V. Dunyada 1-Konstituciya a'yyemgi Rimde qabil qiling'an.

S. Konstituciya so'zi ja'ne ***"ornatiw, nizam, qag'iydalar"*** degen ma'nislerdi an'latadi.

D. AQSHta 1- jazba nizam 1887-yilda qabil qiling'an.

E. O'zbekistan tarixinda 1-Konstituciya 1938-jili qabil qiling'an.

F. O'zbekistan Respublikasinin' Konstituciyasi 1992-yil 8-dekabrde qabil qiling'an.

G. O'zbekistan Konstituciyasi 26 bo'lim, 6 bap, 127 statyadan ibarat.

| A | B | C | D | E | F | G |
|---|---|---|---|---|---|---|
| awa | yaq | awa | awa | yaq | awa | yaq |

**2. *Talabalardin' tus'iniwine tiyisli oqiw maqsetine yerisilgenlik da'rejesin qadag'alaw ha'm bahalawda paydalanatug'in standart yemes tapsirmalari***

To'mendegi berilgen huqiq ha'm yerkinliklarin toparlarg'a ajiratin' ha'm tuwri kelgen juwap sanlarin kestenin' juwap sanlari bo'legine jazin'.

1) jasaw, 2) miynet qiliw 3) do'retiwshilik yerkinligi, 4) pikirlew, 5) bilim aliw 6) qol qatilmasliq; 7) so'z yerkinligi; 8) pensiya aliw; 9) hu'jda'n yerkinligi;

| | |
|---|---|
| Jeke huqiq ha'm yerkinlikler | 1,4,6,9 |
| Sociyal-ekonomikaliq huqiq ha'm yerkinliklar | 2,3,5,8 |

3. Talabalardin' bilimlerin a'melde qollaw Oqiw maqsetine yerisilgenlik da'rejesin qadag'alaw ha'm bahalawda paydalanatug'in standart yemes test tapsirmalari

**1. Berilgen pikirlerdi tan'lap alin'.**

| **Q** | **Ta'riyp** | **Q** | **Baplar** |
|---|---|---|---|
| **1.** | Hayal-qizlar ha'm yerkekler ten' huqiqli | A | X – bap |
| **2.** | Barliq puqaralar Konstituciyada belgilep qoyilg'an minnetlerin orinlaydi | B | XIV –bap |
| **3.** | Ata-analar o'z perzentlerin ka'malg'a kelemen degenshe bagiwg'a majbu'r | C | XVII –bap |
| **4.** | Suveren Qaraqalpaqstan Respublikasi O'zbekistan quramina kiredi | D | XI – bap |

**Juwaplar:**

| **1-D** | **2-A** | **3-B** | **4-C** |
|---|---|---|---|
| **A** | **D** | **B** | **C** |

2."Bir Konstituciya, ma'mleket hakimiyati ha'm nizam shig'ariwshi organlardin' bir sistemasi; bir finans ha'm saliq sistemasi, jalg'iz quralli ku'shler;". Joqaridag'i ta'riyip qanday ma'mleketke qarata berilgen?

| 1. Federativ | 2. Unitar | 3. Monarxiya | 4. Respublika |
|---|---|---|---|

**Juwap**: 2

***4. Talabalardin' analizg'a tiyisli oqiw maqsetine erisilgenlik da'rejesin qadag'alaw ha'm bahalawda paydalanilatug'in standart yemes test tapsirmalari***

**1. Keltirilgen ta'riyplerdi atamasi menen juplan'.**

| Q | Ta’riyp | Q | Atama |
|---|---|---|---|
| **1.** | Bir Konstituciya, ma’mleket hakimiyati ha’m nizam shig’ariwshi organlardin’ bir sistemasi; bir finans ha’m saliq sistemasi, bir quralli ku’shler | A | Konfederaciya |
| **2.** | Joqari ha’kimiyatti ma’mleket hakimiyatinin’ saylaw organlari a’melge asiratug’in basqariw ko’rinisi. | B | Unitar ma’mleket |
| **3.** | Suverenitetke iye bolg’an, ishki ha’m sirtqi islerde g’a’rezsiz sub’ekt yesaplang’an belgili maqset ushin birlesken ma’mleketler awqami. | C | Parlament respublikasi |
| **4.** | Hu’kimet parlament ta’repinen sho’lkemlestirilip, parlament aldinda juwap beretug’in basqariw ko’rinisi. | D | Respublika |

| **Juwabi:** | 1 – V | 2 – D | 3 – A | 4 – C |
|---|---|---|---|---|

**2. Keltirilgen ta’riyplerdi atamasi penen juplan’.**

| Q | Ta’riyp | Q | Atama |
|---|---|---|---|
| **1.** | Huqiqtin’ kelip shig’iw ha’m rawajlaniwi shaxs yaki shaxslar toparinin’ psixologiyasi menen sipatlanadi. Huqiq psixologik bag’darlar, tu’rli keshiriwler, sezimler ha’m instinktlardin’ wo’nimi dep qaraladi; | A | Huqiqinin’ klasliq (marksistlik) teoriyasi |
| **2.** | Huqiq teoriyalarinin’ yen’ a’yyemgilerinin’ biri. Onin’ wa’killeri huqiqtin’ o’zinde a’dilliktin’ absalyut, o’zgermes juwmag’in ja’mlestirgeninen kelip shig’adi; | B | Teologik teoriya |
| **3.** | Olar huqiq payda bolg’an ha’m rawajlanadi dep yesaplaydi. Jerge yegilgen da’n siyaqli wol xaliqtin’ sanasinda o’sip baradi ha’m a’dillik, nizamlar ko’rinisinde belgili boladi. Huqiq ta’biyattan kelip o’zi payda bolmaydi. Wol yaki bul xaliqtin’ tarixiy o’miri huqiqti qanday ko’riniske keltirse, ol usinday bolip qaladi deydi; | C | Huqiqtin’ tariyxiy teoriyasi |
| **4.** | Olar huqiqtin’ ma’nisine tu’sinik beredi. Bunda huqiq hu’kimran klass iradasinin’ nizam da’rejesine ko’terilgenligi sipatinda talqin yetiledi. Bul irada klass o’mirinin’ materiyalliq sha’rayatlarinan kelib shig’ip belgilenadi.; | D | Huqiqinin’ psixologik teoriyasi |
| **5.** | Olar ma’mleket ha’m huqiq quday ta’repinen berilgen, yeger kimde-kim oni buzsa quday aldinda | G | Ta’biiy huqiq |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | juwap beredi deydi; | | | | teoriyasi |
| **Juwapi:** | 1 - D | 2 – G | 3 – C | 4 – A | 5 – B |

***5. Talabalardin’ bilimlerin sintezlew oqiw maqsetine yerisilgenlik da’rejesin qadag’alaw ha’m bahalawda paydalanatug’in standart yemes test tapsirmalari***

**1. Ma’mlekettin’ tu’rlerin (A), basqariw tu’rlerin (B), du’zilis tu’rlerin (C), siyasiy rejimin (D) aniqlan’ ha’m kestege *(juwap)* jazin’.**

| | |
|---|---|
| 1. monarxiya | 9. avtoritar |
| 2. unitar | 10. prezidentlik |
| 3. federativ | 11. absalyut |
| 4. demokratik | 12. du’zilis |
| 5. respublika | 13. fashistlik |
| 6. basqariw | 14. parlamentar |
| 7. konfederativ | 15. konstituciyaliq |
| 8. totalitar | 16. siyasiy rejim |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Juwap:** | **A – 6, 12, 16.** | **V –1, 5, 10, 11, 14,15.** | **S – 2, 3, 7.** | **D – 4, 8, 9, 13.** |

***6. Talabalardin’ juwmag’i boyinsha oqiw maqsetine yerisilgenlik da’rejesin qadag’alaw ha’m bahalawda paydalanatug’in standart yemes test tapsirmalari***
**1. Keltirilgen ta’riypti atamasi penen juplan’.**

| Q | Ta’riypi | Q | Ma’mleket tu’rleri |
|---|---|---|---|
| **1.** | Bular ma’mleket klassliq qarama-qarsiliq talas-tartislar jemisi ha’m ko’rinisi bolip tabiladi | A | teologik teoriya |
| **2.** | Ma’mlekettin’ kelip shig’iwdi quday yaki diniy ta`liymat penen baylanistiratug’in teoriya | B | zorliq teoriyasi |
| **3.** | Ma’mlekettin’ payda boliwi bir qa’wimnin; yekinshi ku’shsiz qa’wimdi basip aliwi ha’m wo’zine boysindiriwi na’tiyjesinde kelip shiqqan | C | Irrigaciya teoriyasi |
| **4.** | Bu teoriya XVII-XVIII a’sirlerde ken’ tarqalg’an. Gollandiyada usi teoriyani Grociy ha’m Spinoza, | D | Patriarxal teoriya |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | Angliyada — Lokk ha'm Gobbs, Fransiyada — Russo, Rossiyada A. N. Radishshev rawajlandirg'an. Olardin' pikirinshe, ha'kimiyat xaliqqa tiyisli bolip, xaliq woni monarxqa bergen. Yeger monarx ha'kimiyatti o'z ma'pinde paydalansa, xaliq qozg'alan' ko'teriwge ha'm monarxti taxittan awdariwg'a haqli boladi. | | |
| **5.** | Usi teoriya Greciyada (ayyemgi Greciyada) payda bolg'an ha'm Aristotel shig'armalarinda tiykarlap berilgen, XVII a'sirde ingliz alimi Filmerdin' «Patriarx» shig'armasinda toliq bayan yetilgen. Avtor Injilge tiykarlanip, adam-atanin' ha'kimiyatti qudaydan alip, o'zinin' u'lken balasi - patriarxqa, ol bolsa ozinin' a'wladlari bolg'an karollarg'a bergenligin da'liyllewge uring'an. | E | sha'rtnama teoriyasi |
| **6.** | Irrigaciya teoriyasina go're, ma'mleketlerdin' kelip shig'iwi, olardin' da'slepki tu'rleri Shig'ista u'lken irrigaciya qurilislarin quriw ha'm olardan paydalaniw menen baslang'an. Usi teoriya nemis alimi Vitgfogeltin' «Shig'istin' payda boliwi» shig'armasinda tu'sindirip berilgen. | F | markssha teoriya |

| **Juwabi:** | **1 - F** | **2 - A** | **3 – B** | **4 – E** | **5 – D** | **6 - S** |
|---|---|---|---|---|---|---|

**2. So'zlerdi berilgen juwaplari menen juplan'.**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Nizamshilik palatasi qararlari …… ta'repinen qol qoyiladi? | A | Spiker |
| 2. | O'zbekistan Respublikasi Atqariw hakimiyatinin' baslig'i …..? | B | Prezident |
| 3. | O'zbekistan Respublikasi Oliy Ma'jlisinin' Insan huqiqlari boyinsha wa'kili | V | Bas wa'zir |
| 4. | O'zbekistan Respublikasinda jergilikli ha'kimiyattin' wa'killik organina …… basshiliq qiladi. | C | Ombudsman |
| 5. | O'zbekistan Respublikasi Nizamshiliq Palatasi baslig'i …bolip tabiladi. | D | hakimler |

| **Juwap:** | **1 - B** | **2 - V** | **3 - C** | **4 -D** | **5 -A** |
|---|---|---|---|---|---|

**3. Tuwri juwapti aniqlan’. Juwaplar kestege “awa” yaki “yaq” juwaplari menen belgilen’.**

**1.** O’zbekistan Respublikasi Oliy Ma’jlistin’ Senati agzalarinin’ ta’kirar saylawi to’mendegi hallarda wo’tkiziledi: A) Yeger saylaw haqiqiy yemes dep tabilg’an bolsa; B) Yeger ta’kirar dawis beriw na’tiyjesinde belgilengen mug’darda Senat ag’zalari saylanbag’an bolsa.

**2.** Qaraqalpaqstan Respublikasinin’ Konstituciyasi O’zbekistan Respublikasi Konstituciyasina qayshi keliwi mu’mkin yemes,- dep O’zbekistan Respublikasi konstituciyasinin’ 110-statya, 2-ba’ndinde jazip qoyilg’an.

**3.** O’zbekistan SSR Konstituciyalari 1927, 1937, 1978 jillarda qabil qiling’an.

**4** O’zbekistan Respublikasinin’ Prezidenti ha’zirgi waqitta Ministrler Kabinetinin’ baslig’i yesaplanadi;

**5.** O’zbekistan Respublikasi puqaralarinin’ yen’ a’hmiyetli siyasiy huqiqlarinan biri ma’mleket wa’killik organlarina saylaw ha’m saylaniw huqiqi bolip, wol Konstituciyanin’ 116-statyasinda belgilengen.

**Juwaplar:**

| **1.** | **2.** | **3.** | **4.** | **5.** |
|---|---|---|---|---|
| **awa** | **ya’q** | **awa** | **ya’q** | **ya’q** |

## 2.3. INNOVACION TA'LIM TEXNOLOGIYALARIN TA'LIM PROCESSINDE QO'LLANIWDAG'I MASHQALALAR

Innovacion ta'lim texnologiyalarin ta'lim processinde qollaw menen baylanisli bir qatar mashqalalar da ko'zge taslanbaqta, olardi itibarg'a aliw ha'm sheshiw ta'lim sipatin asiriwg'a xizmet qiladi. Bunday aktual mashqalalar qatarina to'mendegilerdi kiritiw mu'mkin:

1. Ta'limde qollaw ushin mo'lsherlengen innovacion metodlar ta'riypi ha'm olardin' mazmun-ma'nisin jaritip beriwshi oqiw-metodikaliq qollanbalardin' jeterli yemesligi. Respublikamizda innovacion texnologiyalarg'a tiyisli qatar oqiw qollanbalar jaratilg'an boliwina qaramastan, bul oqiw qollanbalarda ta'lim processinde qollaw mu'mkin bolg'an innovacion metodlar ha'm olardi qollawg'a tiyisli metodik ko'rsetpeler aniq o'z sa'wleleniwin tappag'an. Bul halat Joqari ta'lim professor-oqitiwshilardin' innovacion metodlarin qollawg'a tiyisli mag'liwmatlardan toliq xabardar bolmaslig'ina alip kelmekte. bilimlendiriw worinlarindagi ta'lim processin baqlaw dawaminda professor-oqitiwshilar ken' qollaytug'in innovacion metodlardi ju'da azshiliqti quraytug'inin guwasi bolamiz. Bunday metodlar sipatinda klaster, B-B-B sizilmasi, aqliy hu'jim, "Baliq skeleti" sizilmasi, "Qanday? diagrammasi" siyaqlilardi aytip o'tiw mu'mkin;

2.Professor-oqitiwshilar innovacion metodlardi qollawda metodik qag'iydalarg'a toliq boysiniwlari lazim. Basqasha aytqanda, innovacion metodlar pa'nnin' o'zine ta'n ta'repleri, temanin' maqset ha'm waziypalari, talabalardin' jas belgileri, shinig'iw ko'rinisi, awditoriyada sha'rt-sha'rayattnin' jaratilg'anlig'i siyaqli ta'replerin aniq yesapqa alg'an halda qollaw lazim. A'piwayi bir misal: oqitiwshilar, a'sirese, jas oqitiwshilar derlik ha'r bir shinig'iwida klaster metodin qollaydi. Yen' qizig'i, bul metod arqali oqiw maqsetina yerisiw mu'mkin yaki mu'mkin yemesligine qaramastan onnan paydalaniw halati ko'p ushiraydi. Bunnan tisqari, u'sh-to'rt misal jaziw arqali tarmaqlar payda yetiw mu'mkin yemes. Bul metod talabalardin' belgili bir na'rse-ha'diyse, process yaki tu'sinikke tiyisli pikirlerdi uliwmalastiriw, wolardi sistemalastiriw maqsetinde qollaniladi.

A’ne usi tiykardan kelip shiqqan halda, klaster metodinda wo’tilgen materialdi bekkemlew basqishpa-basqish paydalaniw mu’mkin. Joqaridag’i pikirlerdi uliwmalastirip aytqanda, interaktiv metodtan orinsiz paydalaniw ta’lim na’tiyjeliligin asiriwg’a yemes, kerisinshe shinig’iwdin’ sipati pa’seyiwge alip keledi;

3.Ta’lim texnologiyalarin jaratiw ushin professor-oqitiwshilar oqiw maqsetlerin pedagogik waziypalarg’a aylandiriw, oni ku’tiletug’in na’tiyjege ma’s halda aniqlaw ko’nlikpesine iye boliwlari lazim. Onin’ ushin professor-oqitiwshilar Blum taksonomiyasin a’meliyatta qollaw, ko’nlikpe ha’m ta’jiriybege iye boliwlari talap etiladi.

4. Ta’lim processinde pedagogik texnologiyalardi ja’riya yetiw da’stu’riy oqitiw sistemasinin’ alternativi sipatinda xizmet qiliwini lazim. Sebebi barliq awditoriya shinig’iwlarinda interaktiv metodlardi qollawg’a zaru’riyat joq. Yen’ tiykarg’isi, texnologik jandasiw tiykarinda oqiw shinig’iwda ku’tilgen na’tiyjege yerisiliwi lazim. Bul processste maqsetke yerisiwge imkan beriwshi qa’legen maqul metodlardan paydalaniw mu’mkin. Sonday aq, professor-oqitiwshilardin’ texnologik jandasiwi natuwri talqin yetken halda, lekciya shinig’iwlarin talabalardin’ o’zleri ta’repinen wo’tip beriliwin talap qiliwlari da maqsetke muwapiq yemes. Lekciya shinig’iwina bunday jandasiw onin’ na’tiyjeliligin ta’minlewge toliq xizmet qilmaydi. Joqari ta’limde oqitiwdin’ tiykarg’i ko’rinisi sipatinda lekciyag’a qoyilatug’in metodik, sonin’ ishinde lektorg’a qoyilatug’in talaplar bar bolg’an. Bul talaplardin’ toliq orinlaniwi professor-oqitiwshi (lektor) arqali g’ana na’tiyjeli a’melge asiwi mu’mkin.

Joqaridag’i pikirlerden kelip shiqqan halda, joqari ta’lim sistemasinda innovacion texnologiyalardi qollaw na’tiyjeliligin asiriw maqsetinde to’mendegi metodik waziypalardi tabisli sheshiw lazim:

1.Professor-oqitiwshilar “interaktiv metod”, “strategiya”, “texnologiya” siyaqli tu’siniklerdin’ mazmun-ma’nisin aniq tu’sinip aliwlari lazim. Bul tu’siniklerdin’ ma’nisin tuwri an’lay almaw, olardi qollawda ko’plep metodik qiyinshiliqlardi payda yetedi. Joqari bilimlendiriwde tiykarg’i itibar oqitiw processin joybarlaw

(texnologik model) ha’m rejalestiriw (texnologik karta)g’a, yag’niy texnologiyalastiriwg’a qaratiliwi kerek;

2. Joqari ta’limde pa’nlerdi oqitiw processinde innovacion metodlardan paydalaniwda metodik qag’iydalar ha’m ko’rsetpelerge a’mel qiliniwi kerek. Aniq metodik ko’rsetpelerge a’mel yetiw arqali innovacion metodlardi na’tiyjeli qollaw imkaniyati ju’zege keledi. Bul bolsa ta’lim sipati’ni’n’ asiwi’na xizmet qi’ladi’;

3. Pa’nler boyi’nsha ta’lim texnologiyalari’n jaratiwda ha’rqiyli’li’q, do’retiwshilik, innovacion metodlarg’a tiykarlaniw, bir qa’lipke tu’sip qaliwdan saqlaniw maqsetke muwapiq. Bul processste pa’nlerdin’, shinig’iw tu’rleri, temalardin’ o’zine ta’n ta’replerin yesapqa alg’an halda jandasiw orinli’ boladi’;

4. Oqi’w ori’nlari’nda “Innovacion oray” xizmetin jolg’a qoyi’w, bul oray ku’sh ha’m imkaniyatlari’nan professor-oqitiwshilardi’n’ ko’nlikpelerin asi’ri’wda paydalani’w.

## ULIWMA JUWMAQ HAM USINISLAR

Jaha’nnin’ joqari da’rejede rawajlang’an ma’mleketleri ta’lim sistemasi soni ko’rsetedi, ta’limge texnologik jantasiw, qa’niyge kadrlar tayarlawdin’ sipatina na’tiyjeli ta’sir o’tkizip ma’mleket rawajlaniwinda a’hmiyetli rol oynaydi. Ta’limge texnologik jantasiw ta’lim processin aniq qurallar ja’rdeminde na’tiyjeli basqariw ha’m qoyilg’an oqiw maqsetlerine tabisli yerisiw na’tiyjelerin kepil yetedi.

Innovacion xizmet bir neshe basqishlarda payda bolatug’in xizmet bolip, ozinin’ teoriyaliq ha’m a’meliy tiykarlarina iye bolg’an pedagogik xizmettin’ ozine ta’n basqishi bolip tabiladi.

Innovacion xizmetke tayarlawda pedagoglardin’ psixologik tayarlig’in asiriw, olardin’ jeke imkaniyatlarin ko’rsetiwge bag’darlaw a’hmiyetke iye bolip, bul ilajlar qa’niygeligin asiriw processinde a’melge asiriliw lazim.

Bu’gu’ngi ku’nde rawajlang’an shet yel ma’mleketlerinde ta’lim sipatin asiriw na’tiyjeliligin jetilistiriw barisinda salmaqli isler a’melge asirilmaqta. Pedagogik texnologiyalardan paydalanip atirg’an ko’pg’ana rawajlang’an ma’mleketler ta’lim processin sipat ta’repten jan’a basqishqa ko’teriwge yerisiw o’z tastig’in tappaqta.

Texnologiyalardan paydalanip atirg’an ta’lim beriwshiler talabalarg’a bilim beriwde, a’lbette tabisli na’tiyjelerge yerisedi. A’sirese, bul talabalardin’ g’a’rezsiz pikirlew, ka’siplik sheberligi, do’retiwshilik qa’siyetlerin rawajlandiriwda u’lken a’hmiyetke iye.

Innovacion texnologiyalar ta’lim na’tiyjeliligin asiriwg’a aqilana ha’m do’retiwshi jandasiwg’a, bunda ta’lim beriwshi o’z yerkinligine iye boliwi, sabaqta qollanilg’an tu’rli usullar, qurallar na’tiyjeliligin o’zi bahalawi ushin imkaniyat jaratadi.

Ta’lim processinin’ na’tiyjeliligin ta’miynlewde joybar ta’limi texnologiyalari ayriqsha orin tutadi. Joybar ta’lim oqitiw processin joybarlaw, da’stu’rlew, modellestiriw arqali talabalarg’a puxta bilimlerin beriwin na’zerde tutadi ha’mde

talabalardin’ oqiw belsendiligin asiriw, do’retiwshilik qa’siyetlerin rawajlandiriwg’a xizmet qiladi.

O’zbekistanda innovacion ta’lim texnologiyalarin qollawda pedagogika tarawindag’i oqitiwshilar ta’repinen bay ta’jiriybe arttirilg’ani ko’zge taslanadi ha’m wolar pedagogikag’a tiyisli pa’nlerdi oqitiwda ozinin’ na’tiyjesin ko’rsetpekte.

Biraq ko’plep basqa pa’nler tarawinda bunday pikirlerdi bildiriw qiyin. Sonday aq barliq bilimlendiriw orinlarinda da innovacion ta’lim texnologiyalari na’tiyjeli qollanilmaqta dewimiz de orinsiz.

Lekin bay ta’jiriybege iye bolg’an professor oqitiwshilar ta’lim processinde innovacion texnologiyalardin’ ayirim yelementlerinen teoriyaliq ha’m sistemali ta’rizde an’lamag’an bolsalarda na’tiyjeli paydalanip kelmekte.

Zaman tezlik penen o’zgerip barar yeken ta’lim tarawinda da jan’a-jan’a texnologiyalar qa’liplesip bara beredi. Sonday yeken, ha’r bir pedagog o’z xizmetinde innovacion ta’lim tarawindag’i o’zgerislerge tayar turiwi ha’m pedagogik sheberligin ha’mme waqit rawajlandirip bariwi talap yetiledi.

Shig’arilg’an juwmaqlar tiykarinda Huqiqtani’w pa’nlerin oqitiw processinde innovacion texnologiyalardan na’tiyjeli paydalaniw boyinsha to’mendegi usinislardi alg’a su’riw mum’kin:

-sabaqlarda innovacion texnologiyalardi qollawg’a u’lken itibar qaratiw;

-innovacion texnologiyalardi qollaw boyinsha ha’r bir pa’n oqitiwshisi ta’jiriybesin turaqli tu’rde asirip bariw;

−Kadrlar sheberligin asiriwda qa’niygelik pa’nlerdi oqitiwshi pedagoglar arasinan zamanago’y pedagogik texnologiyalardi qollay alatug’in qa’niygeligin asiriw kurslarina oqitiwg’a tartiw;

- respublika oqiw orinlari’nda rawajlang’an shet yel ta’jiriybelerin ha’m zamanago’y innovacion texnologiyalardi na’tiyjeli ja’riya yetiw arqali pedagoglardin’ is ta’jiriybelerin bayitiw ha’m olarda ta’lim processin na’tiyjeli sho’lkemlestiriwge do’retiwshilik, innovacion ta’repten jandasiwdi rawajlandiriw;

- ta’lim sipatin asiriw ha’m na’tiyjeliligin ta’miynlew jolinda innovacion texnologiyalardan na’tiyjeli, tabisli paydalaniwg’a tiyisli jergilikli ta’jiriybelerdi toplaw;

- innovacion pedagogik texnologiyalar sipatinda: joybarli ta’lim texnologiyasi, interaktiv texnologiyalar birgelikte oqitiw texnologiyalar, Keys-stadi texnologiyasi, informaciya-kommunikacion texnologiyalari, elektron ta’lim resurslari ha’m multimediya prezentasiyalarinan paydalaniw a’hmiyetli orin iyeleydi.

# A'debiyatlar


**I. O'zbekistan Respublikasi 1- Prezidenti shig'armalari:**

1. I.A.Karimov. Ozod va obod Vatan erkin va farovon turmush pirovard maqsadimiz, 8-jild. – T.: O'zbekiston, 2000.
2. I.A.Karimov. Joqari ruwxiyliq – jen'ilmas ku'sh. T.: "Ruwxiyliq". –T.: 2008.-176 b.

**II. Normativ - huqiqiy hu'jjetler**

1. O'zbekistan Respublikasinin' Konstituciyasi. – T.: O'zbekiston, 2014.

**III. Arnawli a'debiyatlar**

1. Azizxodjaeva N.N. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik sheberlik. – T.: , 2003. – 192 b.
2. Ishmuhamedov R., Abduqodirov A., Pardaev A. Ta'limda innovasion texnologiyalar (ta'lim wornisalari pedagog-oqitiwshilari ushin amaliy usinislar). – T.: "Iste'dod" jamg'armasi, 2008. – 180 b.
3. Ishmuhamedov R., Abduqodirov A., Pardaev A. Ta'rbiyada innovasion texnologiyalar (ta'lim wornisalari pedagog-oqitiwshilari ushin amaliy usinislar). – T.: "Iste'dod" jamg'armasi, 2009. – 160 b.
4. Tolipov W., Usmonboeva M. Pedagogik texnologiyalarnin' tadbiqiy tiykarlari – T.: 2006.
5. Kudaybergenova T.K.Huquqiy ta'lim samaradorligini oshirish yo'llari-T..Tafakkur nashriyoti, 2011.

**IV. Elektron ta'lim resurslari**

1. O'zbekistan Respublikasi Ma'mleket Ha'kimiyati portali: www.gov.uz
2. www.ziyonet.uz
3. www.edu.uz
4. Infocom.uz elektron jurnali: www.infocom.uz
5. www.tdpu.uz.
6. http://learnen'lishkids.britishcouncil.org/en/
7. http://learnen'lishteens.britishcouncil.org/